ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЫАНДЭРЭ КЫДІОКІ

№31 (23.689) ● 2018 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 3, щэбэт ● И уасэр зы тумэнщ

ПУТИН Владимир:

XXI лІэщІыгъуэр ди ехъулІэныгъэхэмрэ текІуэныгъэхэмрэ я лъэхъэнэ ирехъу!

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъаззр гъэблэкІахэм куэдкІэ къащ-хьэщыкІыу щытащ.

МЫ гъэм ар щекІуэкІар Кремлракъым, атІэ «Манеж» гъэлъэгъуэныгъэ пэш нэхъыщхьэрщ икІи жыпхъэщІэм иригъэуважащ. Иджы ягъэ мультимедийнэ Іэмалыр къагъэсэбэпри, Путиным жиІэм видеосюжети 6-рэ слайд 17-рэ дыщІагъуащ. ЗэІущІэм къирихьэлІащ УФ-м Федерацэмкіэ и Советым хэтхэр, Къэрал Думэм и депутатхэр, Правительствэм щыщхэр, Конституциэ судым, Суд Нэхъыщхьэм, Арбитраж судым я унафэщІхэр, прокурор нэхъыщхьэр, Хэхакіуэ комиссэм, Къэзыбж палатэм я унафэщІхэр, Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм, Къэрал Советым хэтхэр, хэгъэгу Іэтащхьэхэмрэ хабзэубзыху органхэм я унафэщІхэмрэ, политикэ, жылагъуэ, дин лэжьакІуэхэр, журналист 700-м щІигъу.

Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъаззр ильэсым къыщыхъу Іуэхугъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ. Мы гъэм ар зы сыхьэтрэ дакъикьэ 57-кІэ екІуэкІащ. Путин Владимир и псалъэм и пэщІэдзэм занщІэу къыхиГъэщащ Зэрызыхуигъаззм мыхьэнэшхуэ зэриІэр, мы зэманым лъэбакъуэу ячымрэ унафэу къащтэмрэ елытагъэ зэрыщытынур ди къэралым къэкІуэну ильэспІщым игъуэтыну зыужьыныгъэр. «Дэ щыІэкІэ-псэукІэм ехьэлІа Іуэху псомкІи зэпІэзэрыныгъэ зыІэрыдгъэхьащ, лъэ быдэкІэ дыуфыжыну тхуэзфІэкІащ. Ауэ а зэпІэзэрытыныгъэр лъабжьэ къудейуэ аращ, армыхъумэ зыужьынгъэмкІэ шэсапІэкъым»,- жиІащ Путиным. Урысейм и къэралыгъуэ ІэнатІэм ІуфІэгъэкІуэн лъэпкъ зэхъуэкІыныгъэ, ІэнатІэ зыужьынрэ ІэнатІэ зэрыгъэгъотыжрэ ящыщ. Мы гъэм ар щекІуэкІар Кремлракъым, атІэ «Манеж» гъэлъэгъуэныгъэ пэш нэхъыщхьэрщ икІи жыпхъэщІэм иригъэуважащ. Иджы ягъэ мультимедийнэ Іэмалыр къагъэсэбэпри, Путиным жиІэм видеосюжети 6-рэ слайд 17-рэ дыщІагъуащ. ЗэІущІэм къирихьэлІащ УФ-м Федерацэмкіэ и Советым хэтхэр, Къэрал Думэм и депутатхэр, Правительствэм щыщхэр, Конституциэ судым, Суд Нэхъыщхьэм, Арбитраж судым я унафэщІхэр, прокурор нэхъыщхьэр, Хэхакіуэ комиссэм, Къэзыбж палатэм я унафэщІхэр, Урысей Федерацэм и Жылагъуэ палатэм, Къэрал Советым хэтхэр, хэгъэгу Іэтащхьэхэмрэ хабзэубзыху органхэм я унафэщІхэмрэ, политикэ, жылагъуэ, дин лэжьакІуэхэр, журналист 700-м щІигъу.

Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъаззр ильэсым къыщыхъу Іуэхугъуэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ. Мы гъэм ар зы сыхьэтрэ дакъикьэ 57-кІэ екІуэкІащ. Путин Владимир и псалъэм и пэщІэдзэм занщІэу къыхиГъэщащ Зэрызыхуигъаззм мыхьэнэшхуэ зэриІэр, мы зэманым лъэбакъуэу ячымрэ унафэу къащтэмрэ елытагъэ зэрыщытынур ди къэралым къэкІуэну ильэспІщым игъуэтыну зыужьыныгъэр. «Дэ щыІэкІэ-псэукІэм ехьэлІа Іуэху псомкІи зэпІэзэрытыныгъэ зыІэрыдгъэхьащ, лъэ быдэкІэ дыуфыжыну тхуэзфІэкІащ. Ауэ а зэпІэзэрытыныгъэр лъабжьэ къудейуэ аращ, армыхъумэ зыужьынгъэмкІэ шэсапІэкъым»,- жиІащ Путиным. Урысейм и къэралыгъуэ ІэнатІэм щылажьэхэм я улахъуэм хэгъэхьуэн зэрыхуейр, медицинэ Іуэхугъэбзэкъэр щыхуащІэ Іуэхугъэ ІапІэкъэр щыхуэкъэм ящымыжьыжьу зэрыщытыпхьэр.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Къэралым и зыужьныгъэм щІэгъэхуэбжьэныр мыхьэнэшхуэ зиІэ къалэну къелъытэ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий тепсэлъыхьащ Урысейм и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъаззм

Урысейм и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъаззм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий тепсэлъыхьащ:

«ХЭХЫНЫГЪЭМ и пэ кьихуэу Урысейм и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъаззм илъэсыр пІалъэ зэхэщІыкІыбдзэ. Къэралым и социально-экономикэ зыужьныныгъэм кьрикІуахэр лъэныкъуэ псомкІи кьипщытащ, къэрал кІуэцІ, къэрал щыІэ политикэм ягъэ щигъэщыпхъэхэр иубзыхуащ. Цыхьухэм я гъащІэр егъэфІэкІуэным, псэупІэ тыншу зыІэрагъэхьэным, анагъэмрэ сабиигъэмрэ дэІыгъыным, нэхъыжьхэм защІэгъэхъуэным адэкІи зэрителъхьэр щІигъэбыдащ.

Медицинэм и зыужьныныгъэм ехьэлІауэ ялэжьхэм я гугъу щищІым, нэхъ кьыхигъэщхьэхукІащ онкологие узыфэхэм ягъэщІэтыныр. Лъэпкъпсо программэ щхьэхуэ ягъэззэщІену кьыхилъхьащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкІэ абы мыхьэнэшхуэ иІэщ. Республикэм щыІэмалынщэу щытщ нобэрей онкологие центр щыкуэнырэ. Иджыпсту а Іуэхугъуэм жьыджэру щолажь Урысейм и Правительствэмрэ Узыншагъэр хъумэныкІэ министерствэмрэ.

Урысейр лъэщу щытыным и телъхьэхэр

● Дыгъуасэ

ЩІалэгъуалэ зэхыхьэшхуэ дыгъуасэ щекІуэкІащ Европэм и щыгу нэхъ лъагэ дыдэм и джабэм. Студентхэм, спортсменхэм, волонтёрхэм Іуащхьэмахуэ щаІэтащ Путин Владимир и сурэтыр.

«УРЫСЕЙР лъэщу щытыным дрителъхьэщ» щІалэгъуалэ зэхыхьэшхуэ дыгъуасэ щекІуэкІащ Европэм и щыгу нэхъ лъагэ дыдэм Іуащхьэмахуэ и джабэм. Абы хэтащ волонтер зэщІэхъееныгъэхэм я лІыкІуэхэр, студентхэр, урысей спортсмен цІэрыІуэхэр. Цыхьу минэ 5-м щІигъуи Іуащхьэмахуэ и джабэм щаукъуэдзащ Урысейм и Президентым и сурэтыр.

Алыдж-урым бэнэкІэмкІэ Олимп чемпион Кьардэн Мурат: «Мы щыпІэм, Европэм и щыгу нэхъ лъагэ дыдэм и Іэшэлъашэм, ущыщыІэм деж кьыбгуроІуэ ди къэралым и инагъымрэ лъэщагъымрэ зыхуэдизыр!».

КъБКъУ-м и волонтёр зэщІэхъееныгъэм и унафэщІ, социальнэ лэжьыгъэмкІэ, сервисымрэ туризмэмкІэ институтым и ещанэ курсым щеджэ ЛІыІэщын Миланэ: «Ди къэралым и унафэщІ Путин Владимир 2018 гъэр Волонтёрым и илъэсу игъэуваща, дэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и волонтёр зэщІэхъееныгъэм хэтхэм, ди жэуапІныгъэр абы нэхъри кьеІэт. Дэ ди зэкъуэтынныгъэр дгъэлъэгъуэну, лъэпкъым и пашэм зыщІагъэкъуэну цІыхухэр кьыхуедджэну дыхьэзырыщ».

Урысейм алыдж-урым бэнэкІэмкІэ и командэ къыхэхам щыщ, тІэуэнейрэ Олимп чемпион, Урысейм и Президентым и дзыхьыр зригъэзэ Власов Роман: «Дэ мы щыпІэм дыкъыщыІэзэхуэсащ ди къэралым и унафэщІхэр, экономикэ зыужьныныгъэр щІэгъэхуэбжьэным, ЦІыхухэм социальнэ дэІепыкъуныгъэ етыным, спортым зыщІэгъэкъуэным, зыхъумэжьныгъэ и пІыкІуэкІэ къэралым и зэфІэкІыр гъэбыдэным хуэгъэзауэ абыхэм ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр зэрадэтІыгъэр дгъэлъэгъуэн папщІэ».

Къэбэрдей-Балъкъэрым альпинизмэмкІэ и федерацэм и президент Ольмезов Абдул-Хьэлым: «Къэралым и Іэтащхьэр хэхыным хуэдэ Іэхуху щекІуэкІыж деж зыри лъэныкъуэкІэ щыт хъунукъым. Дэ, альпинистхэр, мы щыпІэм дыкъыщыІэзэхуэсащ дызыхуэкІуэ хэхыныгъэхэм жьыджэру дыхэтын икІи нэхъ тэмэму Іэ тІэтын зэрыдимурадыр жытІэн папщІэ».

Ски-альпинизмэмкІэ Урысейм и чемпион, Эверест дэкІа, Іуащхьэмахуэ и щыгум 100-м щІигъурэ нэса Мэз Каринэ: «Урысейр лъэщу щытыным теухуа зэхыхьэшхуэм альпинистхэр хуабжьу дгъэ зыІуэ дыхэтщ. Дэ тщыщ дэтхэнэ зыми и кьалэнщ хэкум и кьарур, абы и экономикэ зэфІэкІыр игъэбэгъуэну, ар хъумэным сытым дежи хуэхьэзыру щытыну».

Зэхыхьэшхуэм щыпащащ Азау хуэйм. Лъэпкъ ныпхэр зыІыпІэ щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ «ЯлпэкІэ, Урысей!», «Путиныр ди Президентщ» кьыхуеджэныгъэхэр ягъэІурт. Концерт программэ гъэщІэгъуэн ягъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и артист нэхъыфІхэм, «Кабардинка», «Балкария», «Тэрч къэзакъэхэр» ансамбль цІэрыІуэхэм. Іуащхьэмахуэ и щІыналъэм щекІуэкІа зэхыхьэшхуэр занщІэу эфирым кІуэуэ республикэм и щІыналъэм щагъэлъэгъуащ.

«КъБР-м и волонтёр центр» республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ.

Урысей Федерацэм и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъаззр КъБР-м и Парламентым щыІэ фракцэхэм я унафэщІхэм къаззэрыщыхьуар

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Іым и къуэдз, «Урысей зэкъуэтым» и фракцэу КъБР-м и Парламентым щыІэм и унафэщІ Афэщ Іагъуэ Михаил:

- ПСОМ ягъэ кьыхэзгъэщыну сыхуейщ Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъаззм и зэхэтыкІэм зэрызихъуэжар, ар ягъэрейхэм куэдкІэ кьаззэрыщхьэщыкІыр.

Путин В.В. ди къэралым къэкІуэну илъэсипщІ гъунэгъуэм зэрызиужьыну гъэзгум и унэтІныныгъэр иубзыхуащ, кьалэн инхэр кьыгъэуващ. Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъаззм унэтІныныгъэ нэхъыщхьэу тІу иІэщ. Ахэр къэрал щыІб, къэрал кІуэцІ политикэрщ.

ЗэпІаззрыт зыужьныныгъэмрэ къэкІуэну зэманым пыщІа гугъапІэхэмрэ къэралым и Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ. ИпэжвІпІэкІэ къэбгъэльагъуэ хъунущ ди къэралым ис дэтхэнэ зы цІыхуми и псэукІэр егъэфІэкІуэным хуэгъэза лэжьыгъэр зэрекІуэкІынур Путин Владимир нэрылъагъу кьишІагъуэ. УФ-м и Президентым кьыхигъащ гупсысэ нэхъыщхьэхэр ящыщщ къэралым и цІыхухэм я кІэлъыплъыгъуэ зэрыкІуэкІынур ТІу Владимир жиІахэр. Урысейм Іэщхэкіэ ЗэщІэуэзда и Къарухэм я пъщащІымрэ къэралым зихъумэжьныныкІэ иІэ зэфІэкІхэмрэ я гугъу щищІым Путин Владимир гурыІуэгъуэу кьигъэлъэгъащ ди къэралым и щІыналъэр хъумэным хуэфащэ гулъытэ зэригъэтІэр иІэ абы и лъэныкъуэкІэ зыри зэран зэрымыхъуфынур. Президентым кьыхигъащхьэхуКІащ дэ сыт хуэдэ зэпсэльэныгъэхэри едгъэкІуэкІыну дызэрыхьэзырыр икІи дунейпсо хабзэхэм дытету зыдужьыну дызэрыхущІэкъур.

КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапі эхэм зегъэужьныныкІэ, цІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі эхэмкІэ и комитетым и унафэщІ, КПРФ-м и фракцэу КъБР-м и Парламентым хэтым и унафэщІ Пащты Борис:

- ПРЕЗИДЕНТЫМ Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъаззм Іуэху пыухыкІахэр щІэзэпкърыхауэ икІи ахэр кьытпощІыт кьалэнхэр гъэзэщІэныныкІэ хэкІыпІэ нэрылъагъуащ. Псалъэмакъым яхуэфащэн гулъытэ щагъуэтащ къэралыр иджыпсту зыхэт гугъуехьхэм: тхьэмыщкІагъэм, технологие къыкІэрыхуныгъэм. Нэгъэсауэ зэпкърыхащ социальнэ Іэнатіэм щыІэ щытыкІэри.

Гулъытэшхуэ игъуэтащ узыншагъэр хъумэныкІэ Іэнатіэм и щытыкІэмрэ абы адэкІэ зегъэужьныныкІэ. Кьапщтэмэ, къэралым и Іэтащхьэр пыухыкІауэ тепсэлъыхьащ онкологие узыфэхэм ягъэщІэтыныкІэ лэжьыхьэхэм. Апхуэдэу Іыхьэ щхьэхуэм кьыщыгъэльэгъуащ щІэблэр гъэсэныкІэ зэфІэгъэкІыпхьэхэр.

УФ-м и Президентым кьыхигъэщхьэхукІащ социальнэ захуагъэм хуэкІуэныкІэ зэкІыпІэхэри. Хуабжьу гуапащ хуэмыщІауэ псэухэм я бжьыгъэр иІэсэхым кьриубыдэу хуэдитІкІэ ягъэмэщІэну зэрамурадыр, къэрал кІуэцІ валовэ продук-тыр хуэдэ 1,5-кІэ нэхъыбэ ящыну кьалэну зэрызыхуагъэувыжар. А псоми зэхъуэжкІныныгъэ нэрылъагъуэхэр кьыззэрагъэпэщыну кьызолъытэ. Къэралым и Іэтащхьэм кьыхигъэщащ социальнэ Іэнатіэм ахъшэхуэ трагъэкІуэдзэну зэрамурадыр икІи абы и хэкІыпІэу инвестицэхэмрэ бюджетым кьыЗрыхьэ налогхэмрэ зэрыщытыр.

КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныныгъэмкіэ, щІалэгъуалэ политикэмкіэ и унафэщІ, «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» партым и фракцэу КъБР-м и Парламентым щыІэм и унафэщІ Азычэ Светланэ:

- МЫ ІУЭХУМ дэ депІэщІэкІыу дыпэплъэрт. Урысейм и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъаззр сыт щыгъуи хуэдэу купщІафІэу, пыухыкІауэ щытащ икІи къэралыр гугъуехь щыхьэхуэхэм щыхэт иджырей лъэхъэнэм зыжьынныгъэр зыхуэзунэтІауэ щытынур Іупщу кьыщыгъэльэгъауащ.

Политикэ, экономикэ, идеологие Іуэху нэхъыщхьэхэм кьадэкІуэу Президентым кьыхилъхьащ къэралым законхэр кьыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и палатитІми хабзэ мардзэхэр гъэхьэзырыныкІэ зэгупсысын хуей кьалэнхэр.

Президентым кьигъэлъэгъуащ ди цІыхухэм псэукІэ тэмэм кьахуэзгъэпэщыныр, кьалэхэм зегъэужьныныр, бизнесым зэрызыщІагъакъуэ Іэмалыщ Іэхэр зэтегъэувыр, кредитхэр зэрагъэщІыкІэр гъэтэмэныныр, щІэныгъэмрэ Іуэхугъэмрэ Іуэхухэмрэ инвестицэхэр кьахуэзщІэгъэуІуэныр къэралым тэмэму зегъэужьныныкІэ унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм зэращыщыр.

КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмкіэ, щІалэгъуалэ политикэмкіэ и комитетым и унафэщІу сызэрыщытым кьыхэхІыу сэ хуабжьу гуапэ сщыхъуащ сабийхэр гъэсэныныр егъэджэныныр, щІэныгъэм зегъэужьныр Урысейм и социальнэ кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм зэрыхабжар. АтІэми УФ-м и Президент Путин В.В. нэхъ ятІэкІэ кьыдигъэкІа Указымкіэ 2018 гъэр «Сабиигъэм и илъэсыщым» и пэщІэдзэу игъэуващ. Абы кьикІыркъым сабийхэр зэрыпрагъаджэм ягъэхэм гулъытэ хуащІу щымытауэ. Аущ иджы мы Іуэхур зэман кІыхьым тещІыхьа стратегие планхэм ягъэкІ ябзыху. Докладым кьыззэрыщыгъэльэгъащ, сабийхэм я зэпсэлъапІэр зэпымыууэ тегушхуэу ягъэкІэ кІуатэ Урысейрщ икІи апхуэдэ хъуэпсапІэр цІыкІуэм кьайхъулІэныжкІэ дадэІэпыкъуну ди кьалэнщ. Іэщ Іагъэлъхэм кьыззрадгъэтІысхьащ ящыщщ. Иджы Іэмал псорэ кьэгъэсэбэпыпхъэщ егъэджэныгъэм и адрей Іыхьэхэри апхуэдэу ефІэкІуэн папщІэ.

КъыхэзгъэщхьэхукІыну сыхуейщ гугъуехь пыухыкІахэм емыльытауэ, цІыху гуп псоми я пащхьэ къэралым кьыщищтэ социальнэ кьалэнхэр зэрагъэзэщІэнур. ИлъэситхукІэ ягъэкІуэтащ сабий етІуанэ зыгъэтхэзэ ахъшэ яхуэхъжныжкІэ программэр, ятІэ сабий зыгъэтхэзэми ахъшэкІэ зыщІагъэкъуэнущ. А псорэ сэбэп хъунущ къэралым щыІэ демографие щытыкІэр ягъэфІэкІуэнымкІэ.

Президентым жиІащ сабийхэм ядэІэпыкъуным кьыдэкІуэу нэхъыжьхэр зыщагъэгъупщэ зэрымыхъунур икІи кьалэн пыухыкІахэр кьигъэуващ. Урысейм цІыухэр ику иту зэрыщыпсэур илъэс 80-м щегъэгъуным хуэгъэзауэ.

Зэрыщыту кьапщтэмэ, къэралым и Іэтащхьэм Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъаззм ди зыужьныныгъэм лъабжьэ хуэхъун Іуэхуэхэр щыубзыхуащ. Ди къэралыр гугъуехь пыухыкІахэм щыхэт иджырей лъэхъэнэми дэ социальнэ кьалэн псори нэгъэсауэ дгъэззащІэну, цІыхухэм я псэукІэр ягъэкІэ дгъэкІуэтэну кьыт-пэщытщ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі эр.

Къэралым и зыужьныныгъэм щІэгъэхуэбжьэныр мыхьэнэшхуэ зиІэ къалэну къелъытэ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий тепсэлъыхьащ Урысейм и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъаззм

Урысейм и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъаззм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий тепсэлъыхьащ:

«ХЭХЫНЫГЪЭМ и пэ кьихуэу Урысейм и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъаззм илъэсыр пІалъэ зэхэщІыкІыбдзэ. Къэралым и социально-экономикэ зыужьныныгъэм кьрикІуахэр лъэныкъуэ псомкІи кьипщытащ, къэрал кІуэцІ, къэрал щыІб политикэм ягъэ щигъэщыпхъэхэр иубзыхуащ. ЦІыхухэм я гъащІэр егъэфІэкІуэным, псэупІэ тыншу зыІэрагъэхьэным, анагъэмрэ сабиигъэмрэ дэІыгъыным, нэхъыжьхэм защІэгъэхъуэным адэкІи зэрителъхьэр щІигъэбыдащ.

Медицинэм и зыужьныныгъэм ехьэлІауэ ялэжьхэм я гугъу щищІым, нэхъ кьыхигъэщхьэхукІащ онкологие узыфэхэм ягъэщІэтыныр. Лъэпкъпсо программэ щхьэхуэ ягъэззэщІену кьыхилъхьащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкІэ абы мыхьэнэшхуэ иІэщ. Республикэм щыІэмалынщэу щытщ нобэрей онкологие центр щыкуэнырэ. Иджыпсту а Іуэхугъуэм жьыджэру щолажь Урысейм и Правительствэмрэ Узыншагъэр хъумэныкІэ министерствэмрэ.

Инновацэ технологиехэр псынщІэу ГъащІэм хэпщэн зэрыхуейри пыухыкІауэ кьыхигъэщащ. Технологие зэхъуэкІыныгъэхэр, жиІащ Президентым, апхуэдизу псынщІэу йокІуэкІри, а технологие къэкъуфиныгъэр зыхъэзыгъэсэбэпхэр псынщІэу ягъэ ищынущ, пэмыльащхэр абы щыпсэфынущ...

Зыхуэгъэззэныгъэм и Іыхьэ щхьэхуэ хуэхащ къэралым и зыужьмэжьныныгъэм. Ягъэ быдэу иаІуэу утыку кьраХьащ Урысейм и зауэ-промышленнэ комплексым зыми хуэбгъадэ мыхъун и зэфІэкІышхуэхэр. Ядернэ, гипермакъ Іэщащ Іэхэр, зи хуэдэ дуней псом щымыІэхэр икІи зэман гъунэгъум щымыІэнуэхэр, зэрагъэнэху щыкІэр кьыззрагъэлъэгъуэм уетхьэкъу. Абы щыгъуэми кьыхьащащ, ди къэралым Іэщ Іэкіэ и зэфІэкІхэр зэрыхэхъуэм зыми и шынагъуэ зэрыхэмыльыр, ар мамырыгъэм и щэсапІэщ, стратегие зэпэшэчагъэрэ кьару зэхуэдэрэ зэрыщІэр ихъумэу.

Зыхуэгъэззэныгъэм кьыщыгъэуважэр щІыпІэ властым и Іэнатіэхэм я лэжьыгъэм и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэу адэкІэ зэрыщытынум ущІытепсэлъыхьыни щІэзэныгъэ», - кьыхигъэщащ КІуэкІуэ Юрий.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі эр.

☸ Ди къуэш республикэхэм

ЗыдэІэпыкъупхъэм зыщІагъэкъуэн папщІэ

АДЫГЕЙ. *Республикэм и Іэтащхьэ Къумпіыл Мурат зыкъригъэхьэлІауэ къызэІуахащ Адыгейм и Промышленностым зегъэужьныныкІэ фонд.*

АР КЪЫЗЭРАГЪЭПЭЩАЩ 2017 гъэм и жэпуэгъуэм. АР-м и Министрэхэм я кабинетымрэ промышленностым зегъэужьныныкІэ федеральнэ фондымрэ зэрызэдзэкІэжьэну теухуауэ зэращІыпІэ зэгурыІуэныгъэм ипкъ итхІэ.

- Адыгейм и промышленнэ предприятэхэм къагъэлъагъуащ экономикэ щытыкІэ гугъум зэрыпэлъэщыр, къыщІагъэкІым зэрыхагъахъуэр. Илъэс кІуам промышленностым къыщІигъэкІыр процент 103,5-м нэсащ. А Іэнатіэм зегъэужьныныр республикэм и экономикэр гъэбыдэным и хэкІыпІэ нэхъыщхьэхэм ящ, - жиІащ Къумпіыл Мурат.

Адыгейм и премьер-министрым и кьуэдзэ Сабий Вячеслав кьыззэрыхигъэщамкІэ, щІынальэм промышленностым зегъэужьныныкІэ и фондым сом мелуан 30 илъэс кьэс ягъэкІуэнущ республикэм и бюджетым кьыхэкІыу.

«Архъыз» зыгъэпсэхупІэми Іэ щаІэтыныщ

КЪЭРЭШЕЙ-ЧЭРДЖЭС. *Урысейм и Президентыр щыхахыну пІалъэм лэжьэну хэхыпІит? КъыщызэІуахьыну КъШР-м и «Архыз» зыгъэпсэхупІэмрэ клиникэ сымаджэщымрэ. Псорэ зэхэту республикэм щылэжьэнущ хэхыпІэ 251-рэ.*

УФ-м и Президентыр щыхах махуэм Домбей щыщызыпІыхь, зыщыщызыгъэпсэху цІыхухэми Іэ щаІэтыфынущ мы поселкэм и хэхыпІэм.

2018 гъэм щІышылэм и 1-м тепщІыхьымэ, республикэм и хэхакІуэхэр цІыху мин 301,1-рэ мэхъу. Абыхэм ящыщу зы минрэ щитхур илъэс 90 ныбжьым итхэрщ е абы щхьэдэхахэрщ. Республикэм щыщ цІыху мини 3-м нэблагъэм мы гъэм ягъэ Іэ яІэтынущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Урысей Федерацэм и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъаззр КъБР-м и Парламентым щыІэ фракцэхэм я унафэщІхэм къаззэрыщыхьуар

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Іым и къуэдз, «Урысей зэкъуэтым» и фракцэу КъБР-м и Парламентым щыІэм и унафэщІ Афэщ Іагъуэ Михаил:

- ПСОМ ягъэ кьыхэзгъэщыну сыхуейщ Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъаззм и зэхэтыкІэм зэрызихъуэжар, ар ягъэрейхэм куэдкІэ кьаззэрыщхьэщыкІыр.

Путин В.В. ди къэралым къэкІуэну илъэсипщІ гъунэгъуэм зэрызиужьыну гъэзгум и унэтІныныгъэр иубзыхуащ, кьалэн инхэр кьыгъэуващ. Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъаззм унэтІныныгъэ нэхъыщхьэу тІу иІэщ. Ахэр къэрал щыІб, къэрал кІуэцІ политикэрщ.

ЗэпІаззрыт зыужьныныгъэмрэ къэкІуэну зэманым пыщІа гугъапІэхэмрэ къэралым и Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ. ИпэжвІпІэкІэ къэбгъэльагъуэ хъунущ ди къэралым ис дэтхэнэ зы цІыхуми и псэукІэр егъэфІэкІуэным хуэгъэза лэжьыгъэр зэрекІуэкІынур Путин Владимир нэрылъагъу кьишІагъуэ. УФ-м и Президентым кьыхигъащ гупсысэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ къэралым и цІыхухэм я кІэлъыплъыгъуэ зэрыкІуэкІынур ТІу Владимир жиІахэр. Урысейм Іэщхэкіэ ЗэщІэуэзда и Къарухэм я пъщащІымрэ къэралым зихъумэжьныныкІэ иІэ зэфІэкІхэмрэ я гугъу щищІым Путин Владимир гурыІуэгъуэу кьигъэлъэгъуащ ди къэралым и щІыналъэр хъумэным хуэфащэ гулъытэ зэригъэтІэр иІэ абы и лъэныкъуэкІэ зыри зэран зэрымыхъуфынур. Президентым кьыхигъащхьэхукІащ дэ сыт хуэдэ зэпсэльэныгъэхэри едгъэкІуэкІыну дызэрыхьэзырыр икІи дунейпсо хабзэхэм дытету зыдужьыну дызэрыхущІэкъур.

КъБР-м и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапі эхэм зегъэужьныныкІэ, цІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапі эхэмкІэ и комитетым и унафэщІ, КПРФ-м и фракцэу КъБР-м и Парламентым хэтым и унафэщІ Пащты Борис:

- ПРЕЗИДЕНТЫМ Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъаззм Іуэху пыухыкІахэр щІэзэпкърыхауэ икІи ахэр кьытпощІыт кьалэнхэр гъэзэщІэныныкІэ хэкІыпІэ нэрылъагъуащ. Псалъэмакъым яхуэфащэн гулъытэ щагъуэтащ къэралыр иджыпсту зыхэт гугъуехьхэм: тхьэмыщкІагъэм, технологие къыкІэрыхуныгъэм. Нэгъэсауэ зэпкърыхащ социальнэ Іэнатіэм щыІэ щытыкІэри.

Гулъытэшхуэ игъуэтащ узыншагъэр хъумэныкІэ Іэнатіэм и щытыкІэмрэ абы адэкІэ зегъэужьныныкІэ. Кьапщтэмэ, къэралым и Іэтащхьэр пыухыкІауэ тепсэлъыхьащ онкологие узыфэхэм ягъэщІэтыныкІэ лэжьыхьэхэм. Апхуэдэу Іыхьэ щхьэхуэм кьыщыгъэльэгъауащ щІэблэр гъэсэныкІэ зэфІэгъэкІыпхьэхэр.

УФ-м и Президентым кьыхигъэщхьэхукІащ социальнэ захуагъэм хуэкІуэныкІэ зэкІыпІэхэри. Хуабжьу гуапащ хуэмыщІауэ псэухэм я бжьыгъэр иІэсэхым кьриубыдэу хуэдитІкІэ ягъэмэщІэну зэрамурадыр, къэрал кІуэцІ валовэ продук-тыр хуэдэ 1,5-кІэ нэхъыбэ ящыну кьалэну зэрызыхуагъэувыжар. А псоми зэхъуэжкІныныгъэ нэрылъагъуэхэр кьаззэрагъэпэщыну кьызолъытэ. Къэралым и Іэтащхьэм кьыхигъащащ социальнэ Іэнатіэм ахъшэхуэ трагъэкІуэдзэну зэрамурадыр икІи абы и хэкІыпІэу инвестицэхэмрэ бюджетым кьыЗрыхьэ налогхэмрэ зэрыщытыр.

КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмкіэ, щІалэгъуалэ политикэмкіэ и унафэщІ, «Захуагъэ здэщыІэ Урысей» партым и фракцэу КъБР-м и Парламентым щыІэм и унафэщІ Азычэ Светланэ:

- МЫ ІУЭХУМ дэ депІэщІэкІыу дыпэплъэрт. Урысейм и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъаззр сыт щыгъуи хуэдэу купщІафІэу, пыухыкІауэ щытащ икІи къэралыр гугъуехь щыхьэхуэхэм щыхэт иджырей лъэхъэнэм зыжьынныгъэр зыхуэзунэтІауэ щытынур Іупщу кьыщыгъэльэгъауащ.

Политикэ, экономикэ, идеологие Іуэху нэхъыщхьэхэм кьадэкІуэу Президентым кьыхилъхьащ къэралым законхэр кьыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и палатитІми хабзэ мардзэхэр гъэхьэзырыныкІэ зэгупсысын хуей кьалэнхэр.

Президентым кьигъэлъэгъуащ ди цІыхухэм псэукІэ тэмэм кьахуэзгъэпэщыныр, кьалэхэм зегъэужьныныр, бизнесым зэрызыщІагъакъуэ Іэмалыщ Іэхэр зэтегъэувыр, кредитхэр зэрагъэщІыкІэр гъэтэмэныныр, щІэныгъэмрэ Іуэхугъэмрэ Іуэхухэмрэ инвестицэхэр кьахуэзщІэгъэуІуэныр къэралым тэмэму зегъэужьныныкІэ унэтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм зэращыщыр.

КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмкіэ, щІалэгъуалэ политикэмкіэ и комитетым и унафэщІу сызэрыщытым кьыхэхІыу сэ хуабжьу гуапэ сщыхъуащ сабийхэр гъэсэныныр егъэджэныныр, щІэныгъэм зегъэужьныныр Урысейм и социальнэ кьалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм зэрыхабжар. АтІэми УФ-м и Президент Путин В.В. нэхъ ятІэкІэ кьыдигъэкІа Указымкіэ 2018 гъэр «Сабиигъэм и илъэс

XXI лІэщІыгъуэр ди ехъулІэныгъэхэмрэ текІуэныгъэхэмрэ я лъэхъэнэ ирехъу!

(КІэухыр. ПэщІыдзэр 1-нэ нап.).

Мыхьэнэ зиІэхэм ящыщу къилъытащ гражданствэ щІыхьэм етыным пыщІа Іуэхугъэр нэхъ тынш щІыныр. «Гулъытэ нэхъыбэ зыхуэщІыпхъэр ди къэралыр зыхуэныкъуэхэрщ - зи щІалэгъуэ, узыншэ, щІэныгъэ зыбгъэдэлъ цІыхухэрщ», - жиІащ Президентым. Экономикэм зэпхрыхауэ щытепсэлъыхьым, Путиным къыхигъащІащ: «Дэ дызыхуейр дуней псом щынэхь ин экономикэщ. Аращ ипэкІ дыкІуэтэным гъуазэ хуэхъур. ПравительствоащІэм и къарур нэхъыбэу зытригъэкІуэдэн хуейри аращ. Предприятэ нэхъ инхэмрэ курытхэмрэ къыщІакІыр гъэ къэс процентитхукІэ хэгъэхъуэныр къалэнхэм я нэхъ пажэщ. Абы кІыхьклІуэ ди экономикэм зи мыпхъу хэзылъхьэхэм я бжыгъэм хэдгъэхъуанэр. Дэ къалэну зыхуэдгъуэвыжат инвестицэр ВВПІ-м и процент 25-рэ, иужькІэ процент 27-рэ хъун хуейуэ. Ди жагъуэ зэрыхъущи, ар къыдэхъулІакъым. Мис иджыпей правительствэщІэмрэ Урысейм и Банкымрэ абы теухуа Іэхэу убзыхуа ди пащІхэ къралъхьэну Ещанэу экономикэм зезыгъэужьыныр хъэрычэтыщІэ Іуэху мащІэращи, абы зыщІэдгъэжъуапхъэщ. Согугъэ а къалэнми дыпэлъэщыну. Экономикэм и къару къызэрихькІэ зиубгъун папщІэ Іуэху зэдэщІэкІэр егъэфІэкІуапхъэщ - къэралым и Іыхьэу экономикэм хэлъырхуэм-хуэмурэ гъэмэщІэн хуейщ».

Президентым къипсэлъам и кІэух Іыхьэр - ди къэралым и зыхъумэжыныгъэм теухуар - нэхъыщхьэу щытауэ жыпІэ хъунущ. Сирие Іуэхум кІэнгъэлъэгъуащ Урысейм зыхъумэжыныгъэ и лъэныкъуэкІэ иІэ къарур зыхуэдэр. Иужьрей илъэсхэм къэралым и Іэщэр хуэдэ 3,7-кІэ нэхъ лъэщ хуэщІ, техникэщІэ лІэужьыгъуэу 300 кхъыгъэхъуащ. Ди хэкум щащІа, къыщащІугупсыса Іэщэхэм я лъэщагъэм Президентыр щытепсэлъыхьым, экранымкІэ къагъэлъагъуэ абыхэм я теплъэмрэ зэфІэкІымрэ. ПРО-м теуху зэгурыІуэныгъэм США-р къызэрыхэкІыжам и жэуапу жиІащ Путиным ди ІэщэщІэхэр. Абыхэм ящыщу, псалъэм папщІэ, «Сармат» межконтинентальнэ ракетэр, ар ПРО-м и Іэмалэмкіэ къахэуамыгъэувыІэн Іэщэ шынагъэщІ, къищынэмыщІауэ, ядернэ Іэщэкіэ узэда ракетэри узгум къыщаІэмыхутэф, узыхуей щІыпІэм нэсыф Іэщэщ, телъыджащ зезыгъакІуэ зэрымыс псыщІагъ кхъухри, абы хуэдэ кхъухь псыщхьэм къыщІызыкІухьэмэ псыщІагъым щІэтхэми яхэткъым. Уэгум къыщызылъэтыхь «Кинжал» кхъухьмэтэмэ ракетэр щридзыхьыпІэм дакъикъэ бжыгъэм нехьэсыф. Путиным фІыщІэ яхуищІащ апхуэдэ Іэщэхэр къэгунсысыным, зэпхрыпхъэхьэм жэщи-махуи елэжь, я гъащІэ псор тезыгъэкІыжащ щІэныгъэлІэхэмрэ ІэщагъэлІэхэмрэ. «Техникэри, Іэщэ нэхъ лъэщ дыдэри гува-щІэхами адрей къэралхэми къагупсысысфынущ. Абы дэ зыкІи дигъэгузавэкъым, дыдейхэр нэхъри едгъэфІакІуэурэ дыкІуэнущи. Ауэ ди кхъухьлъатэзехуэ, майор Филипов Роман хуэдэ офицер адрейхэм зэи яІэнукъым», - Путиным щыжиІэм, пэшым щІэсхэр хэтэджри Іэгу еуащ. «Нобэ зи гугъу тщІахэм къыппащІэурэ техникэщІэ Іуэхугъэр ящІыгъуэ. Дэ зыми дытеуэну зыдгъэхьэзыркъым, Іэщэкіэ зыми зыри къытетхынукъым, дэ диІэм дрокъуж, - жиІащ къэрал учафэщІым. - Урысейм и дзэ къарур планетэм мамырыгъэ щыхъумэным и щэсыпІэ къудеИуэ аращ. Урысейм е къыткъуэт къэралхэм ядернэ Іэщэкіэ къыпэщІэувэм икІэщІыпІэкІэ жэуап еттыжыфынущ».

Путин Владимир къыхигъэщІэманым къытхуигъэув къалэнхэр зэрыиныр - «ди гупсысэхэм, Іуэхугъэм къару ящІэлъу, жэуаплныгъэ къэтщтэфу, жэрдэмщІакІуэ дыхьуфу щытмэ, ди унагъуэхэм, ди бынхэм, къэралым, дуней псом сэбэн дахуэхъуфынущ, Урысейм дызэрыхъуэхъупсэ псори зыІэрыдгъэхьэфынущ. Абы ипкъ иткІэ, дызыхуэкІуэ илъэсипщІ бжыгъэхэр, XXI лІэщІыгъуэр ди екъуІэныгъэхэмрэ текІуэныгъэхэмрэ я лъэхъэнэ хъунущ. Сэ ар си фІэщ мэхъу». А псалъэхэмкІэ иухащ Путин Владимир УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъаазэр.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Мы махуэхэм

Гъатхэпэм и 3, *щэбэт*

♦ТхакІуэм и дунейпсо махуэщ

♦ЩІыуэпс къабзэм и дунейпсо махуэщ

♦Кържым щагъэлъапІэ анэм и махуэр

♦Къыргъызым и къэрал ныпым и махуэщ

♦Болгарием и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - уэсмэнхэм я пщыпІыгъэм къыщыщІэкІа, езыхэм я къэралыгъуэр щыІэзэрагъэпэщыжа махуэщ. 1396 гъэм къыщыщІэдзауэ 1878 гъэ пщІондэ Болгариер Уэсмэн империем хыхьэу щытащ.

♦Японием щагъэлъапІэ хъыджэбз цІыкІуэхэм я махуэр

♦1613 гъэм Романов Михаил Фёдор и къуэр Урысейм и пащтыхьу щыхахащ ЦІыхубз лІыкІуэхэм я зэхуэс нэхъыщхьэм.

♦1861 гъэм Урысейм и император Александр ЕтІуанэм Іэ щІидзащ цІыхухэр ягъэпщІылІу мыдэным теухуа, хуит кхъэхуэ мэкъумэшыщІэхэм я Іуэхур зэрыхъунур щыубзыхуэ унафэм.

♦1863 гъэм США-м ЩІэныгъэхэмкІэ и лъэпкъ академиер къызэрагъэпэщащ.

♦1920 гъэм Москва Печатым и унэ къыщыізэІуахащ. Иджыпсту ар Журналистым и Унэ нэхъыщхьэщ.

♦1923 гъэм США-м ЩІэныгъэхэмкІэ и лъэпкъ академиер къызэрагъэпэщащ.

♦1920 гъэм Москва Печатым и унэ къыщыізэІуахащ. Иджыпсту ар Журналистым и Унэ нэхъыщхьэщ.

♦1923 гъэм США-м и Конгрессым къэралым и лъэпкъ гимнэр къыщтащ.

♦1991 гъэм Латвиемрэ Эстониемрэ референдум щекІуэкІащ СССР-м къыхэкІыным теухуауэ. Латвием щыпсэухэм я процент 75-м нэблагъэр, Эстонием исхэм я процент 78-м щІигъуэ и телъхэ хъуат я къэралхэр щхьэхуэ хъуным.

♦Шотландием щыщ щІэныгъэлІ, кхъутакІуэ, телефоныр къэзыгупсыса, США-м телекоммуникацэ ІэнатІэм эщыжьыным хэлъхьэныгъэшхэу хуэзыщІа **Белл Грейам Александр** къызэралъхурэ илъэсиз 171-рэ ирокъу.

♦Совет тхакІуэ, усакІуэ, драматург **Олешэ Юрий** къызэралъхурэ илъэси 119-рэ ирокъу.

♦Философие щІэныгъэхэм я доктор, Адыгэ Республикэм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Адыгейм и къэрал педагогикэ институтым и ректору щыта **ЕкІыкъуэ Александр** къызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦ Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ къэрал, политикэ лэжьакІуэ, щІэныгъэлІ **Къардэн Эмэхъышэрий** къызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, УФ-м и цІыхубэ артисткэ **Марковэ Риммэ** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Адыгэ усакІуэ, драматург **Мысачэ Пётр** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Кинорежиссёр, тхакІуэ, композитор, продюсер, ЩІДАА-м и академик **Къандур Мухьэдин** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Совет актёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Мартынюк Георгий** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Молей Алихьан** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Урысей жылагъуэ лэжьакІуэ, политик, «Новое литературное обозрение» тхылъ тедзапІэр къызэзыгъэпэща икІи абы и редактор нэхъыщхьэ, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зэратар **Прохоровэ Иринэ** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр текъэ-текІуэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 4 - 5, жэщым щІыІэр 1 градус щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 4, *тхъэмахуэ*

♦Сабийхэм яхуэлажьэ телевидензмрэ радиомрэ я дунейпсо махуэщ

♦Белоруссием и милицэм и махуэщ

♦Франджым щагъэлъапІэ анэшхуэм и махуэр

♦Китаим щагъэлъапІэ жыг хэсэным и махуэр

♦1726 гъэм Урысейм щыяпэу Петербург гимназие къыщыізэІуахащ. Ар ЩІэныгъэхэмкІэ академиемрэ референдум щекІуэкІащ СССР-м къыхэкІыным теухуауэ. Латвием щыпсэухэм я процент 75-м нэблагъэр, Эстонием исхэм я процент 78-м щІигъуэ и телъхэ хъуат я къэралхэр щхьэхуэ хъуным.

♦Шотландием щыщ щІэныгъэлІ, кхъутакІуэ, телефоныр къэзыгупсыса, США-м телекоммуникацэ ІэнатІэм эщыжьыным хэлъхьэныгъэшхэу хуэзыщІа **Белл Грейам Александр** къызэралъхурэ илъэси 171-рэ ирокъу.

♦Совет тхакІуэ, усакІуэ, драматург **Олешэ Юрий** къызэралъхурэ илъэси 119-рэ ирокъу.

♦Философие щІэныгъэхэм я доктор, Адыгэ Республикэм щІэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, Адыгейм и къэрал педагогикэ институтым и ректору щыта **ЕкІыкъуэ Александр** къызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦ Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ къэрал, политикэ лэжьакІуэ, щІэныгъэлІ **Къардэн Эмэхъышэрий** къызэралъхурэ илъэс 97-рэ ирокъу.

♦1818 гъэм Москва къыщызэІуахащ Минин Кузьмарэ Пожарский Дмитрийрэ я фэеплъ.

♦1877 гъэм США-м щыщ Берлинер Эмиль микрофоныр къыгупсысащ.

♦1846 гъэм «Кавказ» газетым къытридзащ Къаз-Джрий и «Зи щІыхьыр ин къэрал тетым и деж» письмор.

♦1918 гъэм Тэрч ЦІыхубэ Республикэр къэунэхуащ.

♦1921 гъэм Абхъазым Совет властыр щагъэуващ икІи Абхъаз Республикэ къызэрагъэпэщащ.

♦1955 гъэм Японием и «Sony» фирмэм жьыпкІэ къепхьэкІ хъу радиохэр къыщыигъэкІыу щІидзащ.

♦1986 гъэм СССР-м ЩІэнхабзэмкІэ и министерствэм унафэ къыдигъэкІащ «1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм и Музей нэхъыщхьэ къызэгъэпэщыным теухуауэ». Ар Іэтауэ къызэІуахащ 1995 гъэм нэблагъэ и 9-м - ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 50 щрикъу махуэм.

♦2012 гъэм Путин Владимир Урысейм и Президенту хахыжащ, Іэ зыІэтахэм я процент 63,6-рэ и телъхьэ къурэ. Абы и пэкІи а къуэлэр щыта Путиныр пІалъэтІкІэ пэрытат.

♦Италием щыщ композитор, дирижёр, скрипкэм хуэІэзэ **Вивальди Антонио** къызэралъхурэ илъэс 340-рэ ирокъу.

♦Франджы композитор цІэрыІуэ **Мориа Поль** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат, Зыплъыкьыкіуэ къэзыкІухьэхэм я урысей зэгухьэныгъэм и президенту щыта, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща **Сенкевич Юрий** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, РСФСР-м и цІыхубэ артисткэ **Лужинэ Ларисэ** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **КІуэкІуэ Тэлэдин** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Дирижёр, СССР-м и цІыхубэ артист, Москва и филармонием и Академическэ симфоние оркестрым и унафэщІ **Симонов Юрий** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щоджэн Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Радиожурналист **Хьэмту Къадир** и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

♦Жылагъуэ лэжьакІуэ, публицист, ЩІДАА-м и членкорреспондент, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Котляровэ Марие** къыщалъхуа махуэщ.

♦КъэфакІуэ, уэрэджьІакІуэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Моисеев Борис** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и юрист, КъэбэрдейБалъкъэрым экстремизмэмрэ щІалэгъуалэ политикэмрэ пыщІа лэжьыгъэхэр щыІэпхэм щызэгъэуІуныкІэ и министр **Къуэшырокъуэ Залым** и ныбжьыр илъэс 49-рэ ирокъу.

♦Урысей футболист, къуэщхьтет, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Малафеев Вячеслав** и ныбжьыр илъэс 39-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр текъэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 8, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 5, *блыщхьэ*

♦Къыргъызстаным и хеящІэ ІэнатІэм и лэжьакІуэхэм я махуэщ

♦Азербайджан Республикэм щагъэлъапІэ физкультурэмрэ спортымрэ я махуэр

♦171 гъэм Пётр Езанэм и унафэкІэ Сенатыр - хабзэзыбзыкъ, къэрал Іуэхухэр зэхЭлъызыгъакІуэ орган нэхъыщхьэр - къызэрагъэпэщауэ щытащ.

♦1953 гъэм Сталин (Джугашвили) Иосиф дунейм екъжащ.

♦1970 гъэм Ядернэ Іэщэм земыгъэубгъуным теухуа зэгурыІуэныгъэм къару игъуэтащ. А зэгурыІуэныгъэм Іэ тradзащ дуней и къэрал щхьэхуит псомэ, Израильм, Индием, Пакистанымрэ КНДР-мрэ нэмыщІ.

♦Адыгэхэм куэдрэ ятетхыхьа тхыдэдж, жылагъуэ лэжьакІуэ **Фелицын Евгений** къызэралъхурэ илъэси 170-рэ ирокъу.

♦КъШР-м и къэрал лэжьакІуэ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату щыта, Къэрэшей-Шэрджэс автоном округым и Адыгэ-Хэбзэ щІыналъэм и унафэщІу лэжьа **Къардэн Іэдэм** къызэралъхурэ илъэси 107-рэ ирокъу.

♦Футболисту щыта, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер **Маслаченкэ Владимир** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокъу.

♦Полковник, жылагъуэ лэжьакІуэ, Израильм щыІэ Рихьэние къуажэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыта **Гьыш Самир** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, ЩІДАА-м и академик **Бэвыжь Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 8, жэщым градуси 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Къэбарлыгъэр:

Щыкіыр икІэ мэхъу.

● ДифІ догъэлъапІэ

Диаспорэм и вагъуэ телъыджэ

КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм я тхакІуэхэм я режиссёрхэми я зэгухьэныгъэхэм хэт, тхыдэтх, экономикэ, философие щІэныгъэхэм я кандидат, кинорежиссёр, сценарист, продюсер, композитор, уэрэдус, дирижёр, псапащІэ Къандур Мухьэдин и ныбжьыр гъатхэпэм и 3-м илъэс 80 ирокъу.

Къандур Мухьэдин

Къандур Мухьэдин Иорданием хыхьэ Амман къалэм дэс адыгэ унагъуэм 1938 гъэм гъатхэпэм и 3-м къыщыдалъхуащ. И адэ Иззэт Хьэсэнрэ и анэ Шыд Зэкиерэ XIX лІэщІыгъуэм Кавказ Ищхъэрэм (Джылахъстэнэм хыхьэ ХьэпцІей къуажэм) иІэпхъуэкІа адыгэ мухьэжырэм къатехъуэкІыжащ. Абы и адэжьхэр япэщІыкІэ Уэсмэн къэралыгъуэм, иужькІэ Иорданием Іэпхъуащ.

Къандур Мухьэдин хэтщ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм «Нашинэл Джиографик Сосаити» Лъэпкъ Географие Зэгухьэныгъэм, «Маркетинг Институт», «Маркетингым и Дунейпсо Зэгухьэныгъэ», «Такида Бизнесмен» (Японие) зэгухьэныгъэхэм. Къандур ящІэрыІуэ Германием щриГъэкІуэкІа къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм я фІагъыр ІыгъэгукъыІыта нэужь, абы къыхуагъэфэщащ «Фи Бета Капа Ресорч Ауорд» саугъэтыр. 2000 гъэм «Barons Who's Who» дунейпсо къыдэкІыгъуэм зэрыщатхамкІэ, Къандурыр хагъэхьащ Миллениумым и цІыху нэхъ щІэрыІуэ дыдэу къалытэ 500-м. «Хэкур къэгъэщІэрэщІэжныгъэ» дунейпсо фондым УФ-м и щэнхабзэм абы зэрызригъэжьар 2004 гъэм къыпльытэри, Къандур Мухьэдин къыхуиІэ гъэфэщащ «Хэкур егъэфІэкІуэным хуиІа хэлъхьэныгъэхэм папщІэ» щІыхь зиІэ папщІэ дыщэ орденыр. КъБР-м и Дафтэр Іуэхущапіэм ящылагъуэ-политикэ тхылъхэмкІэ и управленэм къыщызэрагъэпэщащ Къандур Мухьэдин и фонд щхьэхуэ. Абы хагъэхьащ ди лъэпкъэгъу цІэрыІуэм и гъащІэмрэ гуащІэмрэ къыщыгъэлъэгъуэжа лэжьыгъэхэмрэ и Іэдакъэ къыщІэкІа тхыгъэхэмрэ. Апхуэдэщ томищым щыізэхуэхьэса и «Кавказ» («Чеченские сабли», «Казбек из Кабарды», «Тройной заговор») романхэр, «Черкесы. Балканская история», «Революция», «Легенда», «Опасная связь» тхылъхэр, инджьлызыбзэкІэ, тыркубзэкІэ, урысыбзэкІэ къыдэкІа и «Мюридизм» монографиер, «Воскрешение Богини Сатинай» нотэ Іэрытхэхэр, «Кавказ» концертэр, абы и гъащІэмрэ гуащІэмрэ теухуауэ газетхэмрэ журналхэмрэ къытехуа тхыгъэхэр, интервьюхэр, биографиер, письмохэмрэ телеграммэхэмрэ, композитор икІи дирижёр Къандур Мухьэдин зэрригъакІуэу Москва щыІэ камернэ оркестрым и ящэ концертым и видеонэтыныр, абы и адэ, Иорданием и армэм и генерал Иззэт Хьэсэнрэ и щхьэгъусэ усакІуэ Бэлагъы Любэрэ ятеухуа тхыгъэхэр.

Адыгэхэм я къекІуэкІыкІар Гъуджэм хуэдэу къыщыгъэлъэгъуэжа тхыдэ романхэр, урысыбзэкІэ, инджьлызыбзэкІэ, тырку-бзэкІэ тха монографиехэр, макъамэхэм я нотэ Іэрытхэр зи Іэдакъэ къыщІэкІа Къандур Мухьэдин 1995 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Дунейпсо Адыгэ Фонд къыщыізэригъэпэщащ. Абы и зэфІэкІхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым 2008 гъэм къыщалъытэри, «КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ» цІэ лъапІэр къыхуагъэфэщащ.

Урысейм и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ Михалков Никитэ Къандур Мухьэдин «Цыху телъыджэу» кІыльытащ. Абы кином щиІэ зэфІэкІым щыхьэт тохъуэ Иорданием и пащтыхьыкъуэ Алий бен аль-Хъусейни и жэрдэмкІэ, Къандурым 2009 гъэм Иорданием щытриха «Шэрджэс» фильмым Монако щекІуэкІа кинофестивалым дамыгъэ нэхъыщхьэхэр къызэрыщыхуагъэфэщащ. «МелыІыч» саугъэтыр, «Илъэсым и кинорежиссёр нэхъыфІ», «Илъэсым и сценарист нэхъыфІ» щІыхьыщІэхэри щыгъужу. Лэжьыгъэр щагъэлъэгъуащ Германием, Тыркум, Хъэрыл Эмират Зэгуэтхэм, Франджым, Малайзием, Филиппинэм, Японием, нэгъуэщІ щыпІэхэм щекІуэкІа кинофестивалхэм. «Аватар» фильмым щыгъуу ар утыку кІрахьами, щІэупщІэ абы зэриІар ехъулІэныгъэшхуэу къалытащ. Апхуэдэу Иордание пащтыхьыгъэм щекІуэкІа кинофестивалми а лэжьыгъэм саугъэт нэхъыщхьэр къыщихьащ. Москва дзэ кином ехьэлІауэ щратэкІуэкІа дунейпсо кинофестивалым щагъэлъэгъуа и «Потерянная в Чечне» (е «Потерянная в горах») и фильмым папщІэ абы диплом щхьэхуэ кІратащ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Тенджыз ФІыцІэ

Тенджызыр мэушэ, мэщатэ, мэхъей,
ТолъкъункІэ тенджызыр кІохъу куэдрэ къыщилъ...
Ар щхьэуэуэ щытами, хъуащ фІыцІэ, нэщхъей,
ФІыцІабзэщ тенджызыр, хэткІуащи хеилъ.

Тенджызым и Іуфэм сэ куэдрэ сыІуст, -
Лъэпкъ тхыдэр зэ закъуи хъуащ нэгум щІэмыкІ:
Ди адэжьхэм я хьэдэр бдзэжьейхэм я Іуст,
Ди анэхэр лъэпкъ гуауэм, гулэгъуэм хэмыкІт.

Ди къуэшхэр, ди шыпхъэхэр псы лъащІэм щожей,
Хъуащ ахэр тенджызым и тІасэ, и бын,

Тенджызым кІуэдахэр мычэму егъей,
ХунщІауэ пшахъуэщІыр куэд щІауэ джэбын.

Кхъухьыжьыр мыбзэнщэ, кхъухьыжьхэм жаІэж:
«ЩІытепщэт тенджызым гулэгъуэр, гужьейр,
ЦІыхубзхэм я гъыбзэм (ар фІыуэ дощІэж)
КъыпфІэщІырт ищтауэ тенджызыр, дунейр».

Тенджызыр мыушэ, мыщатэ, мыжей.
Мэщыгъуэ тенджызыр - ар лІахэм хуосакъ...
ГуфІэгъуэ щыщІауэ хъуащ си псэр нэщхъей -
Тенджызым и лъащІэм къыщоІур джэ макъ...

Си Налшык

Налшык къалащхьэ, къалэ дыщэ,
Псэр зыгъэгуфІэ, Іыхьэлей,
Сэ пхужьыслІэнут хъуэхъу куэдыщэ,
Ухъущ уэ щІасэ, псом я лей.

Уи гуапэр, гуфІэр, къалэ хахуэ,
Си нэгум хуиту къыщІэпсэху,
КъысфІощІ мычэму Іуащхьэмахуэ
БлэкІар и бзийхэм къагъэнэху.

БлэкІар си лъэпкъым хъуащ
хуэмыгъуэ:
Тепхъащ хэкуэгъуэр дуней псом.
ЩІобэг си лъэпкъыр гурыфІыгъуэ -
Ар сфІэфІт хамэщІым щымыпсэум.

Си къалэ дахэ, къалэ махуэ,
Нэр гуфІэ нэпсхэм хольыкІ.
ХуэощІыр щхьэщэ Іуащхьэмахуэ,
Уи Іэпхлэ гуапэр гум пымыкІ.

Уи бын, уи тІасэр зэрыщІыкІурэ
Уи напэлъагъум ныщІохъуэпс...
ХуэлІащ уи быныр куэдрэ, куэдрэ
Адыгэ уафэм и дыгъэпс.

Пащтыхь бжьы хьэлъэм
и нэпкъыжьэр,
Фашист дзэ фІыцІэм и лъэужь...
ГуІэгъуэт уэркІэ блэкІа жыжьэр,
БлэкІам слъагъужькъым и Іэужь.

Къапех мэ гуакІуэ уи гъэгъахэм.
Уи куэдщ уэ ноби нарт
лІыхъужь...
Къыщопщэ гуапэу уи уэрамхэм
ГугъапІэ дахэм и акъужь.

Сэ сфІэфІт лъэпкъ уардэр
зы дыхъужкмэ,
Мыр тафэ бейхэм къызэІуэкІ:
Къыщопщэ гуапэу уи уэрамхэм
ГугъапІэ дахэм и акъужь.

Сэ сфІэфІт лъэпкъ уардэр
зы дыхъужкмэ,
Мыр тафэ бейхэм къызэІуэкІ:
«ХамэщІ щыпсэухэм къагъэззэжмэ,
Насыпу щыІэм ар йофІэкІ».

Мис а макъамэр жэщи махуи
Ди псыжь толъкъунхэм къыдапэс.
Ар щыгъупщакъым
Іуащхьэмахуи:
И бынхэм попльэ - гущІэр мэс.

Налшык къалащхьэ, къалэ гуапэ,
Черкесск куэдыщытхэр къыбдегуэш.
Уи псалъэ щхьэпэ хуейщ
Мейкъуапэ,
Ар куэдрэ, куэдрэ къыпхуозэш.

Тэрчыжьи, Лаби, Бахъсэныжьи
Сэ зэхъзохыр я даущ,
А псори зэуэ зэщІэжьыуэ
ИщІыну сожьэ псалъэ Іущ.

Хамэщ щыпсэуми, си лъэпкъ
дыщэм
ЩыкІуэд къэхъуакъым и нэмыс,
Сыхуейщ сэ нобэ кІэрадыгъуэ,
Ар хъунщ лъэпкъ дыгъэ
къуэмыхьэж.

Налшык къалащхьэ, къалэ махуэ,
КъысфІощІ бгырысхэм къагъэзэж.
Тэджауэ мапльэ Іуащхьэмахуэ...
О, ди Тхьэу Тхьэпшхуэ, ар гъэпэж.

ГурыщІэ ІэфІхэр бгъэм щоупэ,
Сэ зэхъзохэр шы лъэ макъ...
ЩІрет си лъэпкъыр куэдрэ, куэдрэ
Ди къэралыгъуэм и бэракъ.

Инджылыз, Уиндзор.

Мухьэдин щІыгъущ и къуэхэр - Къазбэчрэ Алимрэ.

Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ и министр Соколов Александр Иорданием Мухьэдинрэ Любэрэ щагъэхьэщІэ.

Мухьэдин. *1956 гъэ*

Голливудым щолажьэ.

По Эдгар теухуа фильмыр трех.

Темыркъан Юрэ и гъусэу.

Къандур Иззэт Ираным и шахиншах Мухьэммэд Реза Пехлеви ирегъэблагъэ. *1963 гъэ*

Адыгэхэр щопсэу къэрал тхущым щIигъум. Абыхэм къаэхэкIащ цIыхушхуэ куэд - дзэзешэхэу, къэрал лэжьакIуэхэу, тхакIуэхэу, сурэтыщIхэу, нэгуэщI Iуэхухэмкли цIэрыIуэ хъуахэу. Сэ зи гугъу сщIыну Къандур Мухьэдин тхакIуэр, режиссёр Iэзэщ, продюсерщ, хьэрычэтыщIэщ, философиемрэ адыгэ тхыдэмрэ куууэ зыджа щIэныгъэлIщ.

ХЬЭФЫЦIЭ Мухьэмэд

КЪЭКIУЭНУ ЗЭМАНЫМ ХУОЛАЖЬЭ

КЪБР-м и цIыхубз тхакIуэ, кинорежиссёр цIэрыIуэ, продюсер Къандур Мухьэдин нобэ илъэс 80 ирокъу

ИОРДАНИЕМ кьикIри, Мухьэдин и адэжь хэкум къекIуат мурадкIи иIэу - серищ хъуэ художественнэ фильм трихыну. Ар теухуауэ щытыпкIи бгыпыс лъэпкъэм насыпыншагъэ къахуэзыхьа Урыс-Кавказ зауэжьым - илъэсищэм щIигъукIэ екIуэкIам, адыгэ лъэпкъым и лъапсэр нэщI зыщIам.

Пащтыхымрэ абы и блыгущIэтхэмрэ Кавказым щрагъэкIуэкIа зауэр дунейр къызэрыхуэрэ екIуэкIа зауэхэм я нэхъ щынагъуэхэм икIи гъуэмэхэм ящыщт: текIуар зытекIуам мыльхукIэ етхэкъуу къэнэжакъым - ижь лъандэрэ зыщщыпсэуа я щIыналъэр цIыху мелуанхэм ирагъэбгынащ.

Лъэхъэнищу екIуэкIащ истамбылакIуэр. Иужьрей дыдэм хибыдзэри, Джылпахъстэнейр ябгынащ Мухьэдин и адэшхэм, абы я благъэхэм, я кьуажэгъуэхэм. Ар гъэугуанэ хьэлъэу, псэзэпылъхьэпIэу зэрыщытар Къандурым Iуэрыгуэжму зэхихауэ арами, зэрыщIыкIу лъандэрэ и гум кьеIэу псэуащ. Арагъэнщ кьаIэмыр пасэу кьэзыщта тхакIуам адыгэ Iуэхур зэи IащIыб щIмыщIыр. Урыс-Кавказ зауэмрэ абы кьиркIуа истамбылакIуэмрэ ятеухуащ Мухьэдин фильмым и сценарийр кьызытрищIыкIыжа «Кавказ» романыр. Ар Iыхьищ мэхъу: «Шэшэн сэшхуэхэр», «Къэбэрдеим щыщ Къазбэч», «Щэхуу зэращIыпIа зэгурыIуэныгъэ». Зы унагъуэм, абы къытепщIыкIыжахэм я псэукIамкIэ тхакIуэм дги Iэ кьыщIегъуэвж лIэщIыгъуитIкIэ Кавказ лъэпкъэм кьакIуа гъэугуанэр. Къандурым хузэфIэкIащ ди пащхьэ кьриплъхьэн гузэвегъуэрэ нэпскIэ гъэнщIа лъэпкъ тхыдэ. Ар бзэ екIуакIэ тхащ, удихьэхыу уоджэ.

Америкэм и Штат Зэгъэтхэм я кинотехпIэ цIэрыIуэ Голливудым илъэс зыбжанэкIэ щылэжьа а режиссёрым и мурадыр къызэрехъулIэнум шэч хэлъкъым. Фильмыр зэрригъэпсыну щыкIэм, абы папщIэ лэжьыпхъэу кьиплъитэхэм дыщIэупщIуэрэ, Мухьэдин зыкъитIэтащ - и псэукIам, кьиплъащIэ гъащIэм кьыгъэтепсэпльыхьащ. АтIэ кинофильм зыбжанэкIи кьыпхъэмыгъэльэгъэун хуэдизщ абы езым кьыдекIуэкIахэр, и нэгу щIэкIахэр...

МУХЬЭДИН и сабиигъуэ ЕтIуанэ дунейпсо зауэм ирихьэлIат. Абы и джэрпэджэжыр Къандурыр щыпсэу щыпIэми кIуэсыр. И адэр дзэм хэтти, дунейм кьыщыхьу-кьыщыщIэхэм щIалэ цIыкIыр щыгъуазэу кьэхъурт. Езыр кьэщIэныгуу, гурыхуэу, куэдым гу льитэу набдзэгубдзапIэт. Зауэ нэужь илъэсхэр дунейм щIалэгъуалэу тетым зыкьышащIэж, мамырыгъэмрэ хуитыныгъэмрэ щаIэт, щагъэльапIэ, дуней еплъыкIэщIэжэ Мухьэдин зыкъитIэтащ - и псэукIам, кьиплъащIэ гъащIэм кьыгъэтепсэпльыхьащ. АтIэ кинофильм зыбжанэкIи кьыпхъэмыгъэльэгъэун хуэдизщ абы езым кьыдекIуэкIахэр, и нэгу щIэкIахэр...

МУХЬЭДИН и сабиигъуэ ЕтIуанэ дунейпсо зауэм ирихьэлIат. Абы и джэрпэджэжыр Къандурыр щыпсэу щыпIэми кIуэсыр. И адэр дзэм хэтти, дунейм кьыщыхьу-кьыщыщIэхэм щIалэ цIыкIыр щыгъуазэу кьэхъурт. Езыр кьэщIэныгуу, гурыхуэу, куэдым гу льитэу набдзэгубдзапIэт. Зауэ нэужь илъэсхэр дунейм щIалэгъуалэу тетым зыкьышащIэж, мамырыгъэмрэ хуитыныгъэмрэ щаIэт, щагъэльапIэ, дуней еплъыкIэщIэжэ щIэщIу, уеблэмэ, ахэр плъагъунут кьисхэжка унэхэр зэфIагъэувыжу, гъуэгу зэхэкъутахэр зэрагъэпэщыжу.

ГазетхэмкIэ, радиокIэ абыхэм щыгъуаэзт Мухьэдин. И ныбжьыр илъэс пщыкIущым иту езым мурад ещI и нэкIэ а псори зриГъэпIагъуну, дунейм щIыхуэр зэрыщIыпсэур зригъэпIагъуну, Дауи, ар и адэ-анэм яутIыпщынутэкъым. Сыт-тIэ ищIэн хуейр? Iэджэрэ мэгупсысэ икIи кьегупсыс: кIуэсэнщ. Ауэ дауэ? И анэми игу химыгъэщIу, и шIыпхъуэрэ бэлыхь химыдзэу (и адэ Иззэт дзэм кьулыкIу щицIэрти, абы кьищIэхэнутэкъым) щхьэусыгъуэ ещI кьыдеджэхэм ящIыгъуу зыгъэпсэхугъуэ зэманым Сирием зыплIыхьакIуэ кIуэну. Ар зыми кьыпиубыдакъым, уеблэмэ, и анэм доллар щэ ныкIуэ кьрет зэрыхуейуэ кьигъэсебэпыну. Арати, ныбжьыщIэр гъэугу тохьэ. Езы Мухьэдин ар мыпхуэдэу кьеIуэтэж:

- Хьэрычэхэм зэрыжаIэщи, си лъахуэхэр щрагъэкIуэкIырт. Языныкъуэхэр цирклым е театрым кIуэрт. Зыгъэпсэкугъуэ махуэхэр кьигъэсебэпуэрэ, Мухьэдин музейхэм щыIащ, чэщанчэхьэмрэ члисхэмрэ зригъэпIагъуащ, Скотт Вальтер и лыхъжьхэм «я хэщIапIэу» щIыпIэхэр зригъэщIыхуащ. Абы илъэгъуа псори фIэгъэщIагъуэнт икIи фIэщIэщыгъуэт. Ауэ зэгуэрым паркым здкIыцIэрыкIым и нIыуасэ хьэрыт макъамэм хуабжу игъэпIейтеящ. И гур ину кьеуэу ар пIащIэу хуэкIуэрт музыкэ дахэр кьыздиIуKI щыпIэм...

- НтIэ, - пещэ Къандурым, - сыкIуэмсыжъуэрэ макъамэр кьызздиIуKIым сыносри, си нэр кьихуу сыкъыщэтоувыIэ. Сольгагъу Иорданием и ныпыр, ар хуарзэу кьащхьащыту зауэлI гуп оркестрым йоуэрэ паркыкум итщ. ТэлайкIэ сабгъэдыхьэфакъым си псэр зыхуекъу си хэкуэгъуэм, апхуэдизкIэ сыIэнкунти. Сытми, си гур кьэхьэж, кьару кьыскхьэжри, сабгъэдохьэ. «Сыт фщIэр, мыбы щхьэ фщIыIэ?» - соупщI. Езыхэми: «Уэ ухэт, мыбы щхьэ укъэкIуа?» - ягъэщIагъуэ. ЖызоIэ: «Сэ сы-Мухьэдинщ, Къандур Иззэт срикъуэщ». Си адэр дзэм хэтти, занщIэу сыкъащIыхуащ.

Ахьмэдрэ я гъэрэ дызэбгъэдэсащ а махуэм. Ауэрэ си ежьажьгъуэри къэсащ. ЕджакIуэхэм ди зыгъэпсэхугъуэр иухырт. Дыщылажьэм тшхьи кьыщыдат щхьэкIэ, ахъшэ кьыдатыртэкъым. Хуабжу гугъу сехьащ къэзгъэззэжыну гъуэгу сыкъыщытекъжьжам. Франджым сыкъыщысам зы хъурыщэ сиIэжтэкъым... Иорданием и лIыкIуэм деж сокIуэ. ЩыхьэпIэр зы-хъумэхэм сыкъагъэувыIэ: «Сыт уэ-хуейр?» - жаIэри. «Ахъшэ», - язотыж жэуап. Ней-нейуэ кьызоплъхэр, сызэрагугъэр Алыхьым ещIэ... Сытми, консулым деж сыщIагъэхьэ. Ар Хьэвжокъуэ Издинт. КъэуIэбжьауэ кьызоупщI: «Уа, мыбы дауэ укъыщыхута?» - жери. ХузоIуэтэ кьызэрыскIухьар, сызэдэщIыхэр. Езым егъэщIагъуэ. Сэри сыцуIытащ ахъшэ зэрызухар жесIэну. «Ахъшэ сфIэкIуэдащ», - пцIы хузоупс.

- Уэлэхьи уэстынмэ. Дапщэ узыхуейр?

- Доллар щэ ныкIуэ кьызэт. Срикъунщ, - жызоIэ. - Марселкъ сыкIуэнурэ абы кьхуэхьми сыщитIысхьэжынущ.

Ахъшэр кьызэрысIэрыхьэу, псом апэу, шхапIэм сыжащ. А зиунэрэ, махуищ хьуауэ си джийм ерыскъы ехатэкъым.

Арати, кхъухь тедзапIэм сыкIуэри, ЛиванымкIэ зыунэтI кхъухьми ситIысхьэжащ, махуипщI хуэдэкIи ди унэ сынэсыкащ. Ауэ гъэугу сытетыкъ Хьэвжокъуэм и зыгъэпсэхугъуэ мазэр кьэсакIэти, мэпльэтэж Иорданием. Си адэм деж мэпсапльэри: «Ей, Иззэт, си ахъшэ щIыхуэр кьызэтыж», - жреIэ гушыIэу.

- Уи ахъшэ щIыхуэ стелъ сэ? - егъэщIагъуэ си адэм.

- Сыт щхьэкIэ, Париж нэкIуауэ зы-хъумэ еста доллар щэ ныкIуэр-щэ? - жи Издини.

- Сыт делагъэ жыпIэр? - и фIэщ хъуакъым си адэм. - Ар Дамаск щIыпIэ, Иранэ Хьэвжокъуэр ди деж кIуэри, Франджым сызэрыщIыхуэзар си адэм хуиIуэтащ. Гуэзвэнтэкъэ си адэр?! Унагъуэм ЗкаримыгъащIэу сынэсыжьыу тепыIакъым. Ауэ сынэсыжа нэужьи, а лIы пхъашэм зыкъызигъэщIакъым кьыспхуэзэгуэпауэ... «Дяпэкlэ пцIы умыупс, ущежькIэ уэдзкIуэр дыгъащIэ», - жиIа фIэкIа.

СЫТ СИ САБИИГЪУЭР кьыщIэсIуэтэжар, нобэ ар сигу кьыщIэкIыжар? Адыгэм и ныбжь хэлъу кьыщIэкIынущ зекIуэр. Зауэ-банэм хэту екIуэкIа адыгэ гъащIэм кьыгъэувыыр хабзэ ткIийкэр - илъэс 12 - 13 щрикъум иритхьэлIэу щырэ Iэщакъэ Iэрыхуэу, зекIуи ежьэфу щIалэр есэн хуейт. Атэлыкъым иратырти, адэ-анэм пэIэщIэу зауэ хуэIухуэщIэм кьыщIагъэтаджэрт. Жылпэмэ, зекIуэлIу икIи зауэлIу кьагъэхъурт. Ар кьыхощ «Кавказ» романми, фильм тетхынуми.

Мыдрейуэ, адыгэм бгъэдалъащ иджыри къэс къэрал куэдым кьахуэхэмыгъуэт е кьахуэзэмыгъэпэщ псэукIэ. Абы кьызэщIеубыдэ адыгагъэкIэ зэрджэж псори: нэмысри, хабзэри, цIыхугъэри, хьэщIагъэри, гущIэгъури, щIыхьэхури зэрыжаIэу. Псом хуэмыдэу, кьытхьихьэ хамэхэми яфIэтелъыджэу, лъэпкъым щхьэхуитыныгъэм пщIэшхуэ хуищIырт. Зым адрейр игъэпщIылIныр икIагъэу адыгэхэм кьалъытэрт. Аракъэ щхьэ гъэщхьэныр ямыдзэхэу щIыщытар, аракъэ зытекIуэдэжар - я кьэрэ ямыгъэщхьыну, лъэгуажьэмыщхьэу мыуныну? ИпэжьапIэкIи зы махуэ хуиту упсэуныр нэхъыфIщ, уи щхьэм учуимытыжу илъэсищэ къэбгъащIэ нэхърэ... А гупсысэри хэухуэнащ «Кавказ» тхыгъэшхуэм.

Псом я пэрэщи, дунейм едгъэлащ уеблэмэ зэригъэпщагъуэ адыгэм щэнжабзэ тельыджэ зэрыжаIэр, ар лъэпкъ гъэсауэ, лъэпкъ щэныфIэу, и нэмысрэ и хабзэкIэ гъунэгъуэхэми етэфу, и псэукIэр куэдым я щапхъэу зэрыщытар, апхуэдэ лъэпкъым леишхуэ кьыззэрылъысар. Дэ дунейм едгъэлъагъуэн хуейщ адыгэ тхыдэжьыр зэрырфIигъуаIэр, узэрыгушхуэ хьуну фэзгупхэр абы зэрижхэдыр. Хьетгъэм я зэман лъандэрэ абы дунейпсо щэнхабзэм хилъхьар мащIэкъым. АтIэ Маркэрэ Энгельсрэ ауэ ситми ятхакъым: «Алыджым и телъыджэр уафэм кьехуэхакъым, дэ дызэрыщIгъуаззэм хуэдэу. Абы папщIэ щыгугъ щыIащ. А щыгугъри хьеттхэмрэ хьатхэмрэт», - жаIэу. Нэхъ иужьыIуэкIэ яуха кьэралыгъуэкьэр-щэ - Мэуэтымрэ Синдымрэ?..

Лъэхъэнэ жьыжьэхэм кьыщрахьэжьа фIыгъуэхэм зыкъоми щыIэпыхуащ адыгэм кьикIуа гъуэгуанэ хьэлъэм... Лъэпкъ зэхэкIыпIэт, дзэ зэрышхьыпIэт Кавказыр. Зэрапхъуэу кьизэрыгуэрт. ИтIани ди адзэжьхэм затакъым, лъэгущIэтэн ящIакъым я лъахэр. Iэмал имыIэжьыхэ щыхъуми, пщыпI замыщIын папщIэ, лъэпкъым и нэхъыбэр, зауэм псоууэ кьелахэм я нэхъыбэр Iэпхъуащ Тыркум, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум. Уз зэрыщIали мэжьащIалагъи - Iэджэ хьэзаб мыгъуэ кьагъэщIт, щIыху минищэхэри текIуэдащ а гъэзэгуанэм. Кьэнэжьахэр дуней псом щикъухьа хьуауэ.

Иджы лъэпкъэм зыкъыщащIэж, хуит зыщащIыж зэманщ. Африкэм дкъуэзауэ щагьIуа нэгъунэ хуит ящIыжащ. Мес, журтхэми я кьэралыгъуэр зэфIагъэувэжащ. Адыгэхэр-щэ? Кьэрал щхьэхуэу мыпIысыжьфми, «Моуэ ди Хэку дгъэзэжьыфащрэт» - жаIэрэ? Жызыйи щыIэщ, ар зигу кьэмыкIэр нэхъыбэщ. Псалъэм папщIэ, Тыркум щыпсэу адыгэ мелуанитIым сыт я дуней? АтIэ ар дуней, ар гъащIэ, уи бзэмрэ уи хабзэхэмрэ кьыппаубыду? Нахуагъэмрэ захуагъэмрэ и лъабжьэу фи Урысей кьэралым лъэпкъэхэм я Iуэху кьызэрыщдэкIыжьым адыгэ куэд щыгъуазэ? Ди фильмыр хьэзыр хьумэ, ар инджылызыбзэкIи, урысыбзэкIи, хьэрыпбзэкIи дгъэпсэльэнущ, кьэрал куэдым щыдгъэльэгъуэну ди мурадщ. «ЕI, мыгъуэ, мы дызэрымысыжь ди адэжь щIыналъэр сыту дахащэ, сэри сфIыт абы ящIэн ди деж кIуэри, Франджым сызэрыщIыхуэзар си адэм хуиIуэтащ. Гуэзвэнтэкъэ си адэр?! Унагъуэм ЗкаримыгъащIэу сынэсыжьыу тепыIакъым. Ауэ сынэсыжа нэужьи, а лIы пхъашэм зыкъызигъэщIакъым кьыспхуэзэгуэпауэ... «Дяпэкlэ пцIы умыупс, ущежькIэ уэдзкIуэр дыгъащIэ», - жиIа фIэкIа.

СЫТ СИ САБИИГЪУЭР кьыщIэсIуэтэжар, нобэ ар сигу кьыщIэкIыжар? Адыгэм и ныбжь хэлъу кьыщIэкIынущ зекIуэр. Зауэ-банэм хэту екIуэкIа адыгэ гъащIэм кьыгъэувыыр хабзэ ткIийкэр - илъэс 12 - 13 щрикъум иритхьэлIэу щырэ Iэщакъэ Iэрыхуэу, зекIуи ежьэфу щIалэр есэн хуейт. Атэлыкъым иратырти, адэ-анэм пэIэщIэу зауэ хуэIухуэщIэм кьыщIагъэтаджэрт. Жылпэмэ, зекIуэлIу икIи зауэлIу кьагъэхъурт. Ар кьыхощ «Кавказ» романми, фильм тетхынуми.

Мыдрейуэ, адыгэм бгъэдалъащ иджыри къэс къэрал куэдым кьахуэхэмыгъуэт е кьахуэзэмыгъэпэщ псэукIэ. Абы кьызэщIеубыдэ адыгагъэкIэ зэрджэж псори: нэмысри, хабзэри, цIыхугъэри, хьэщIагъэри, гущIэгъури, щIыхьэхури зэрыжаIэу. Псом хуэмыдэу, кьытхьихьэ хамэхэми яфIэтелъыджэу, лъэпкъым щхьэхуитныгъэм пщIэшхуэ хуищIырт. Зым адрейр игъэпщIылIныр икIагъэу адыгэхэм кьалъытэрт. Аракъэ щхьэ гъэщхьэныр ямыдзэхэу щIыщытар, аракъэ зытекIуэдэжар - я кьэрэ ямыгъэщхьыну, лъэгуажьэмыщхьэу мыуныну? ИпэжьапIэкIи зы махуэ хуиту упсэуныр нэхъыфIщ, уи щхьэм учуимытыжу илъэсищэ къэбгъащIэ нэхърэ... А гупсысэри хэухуэнащ «Кавказ» тхыгъэшхуэм.

Псом я пэрэщи, дунейм едгъэлащ уеблэмэ зэригъэпщагъуэ адыгэм щэнжабзэ тельыджэ зэрыжаIэр, ар лъэпкъ гъэсауэ, лъэпкъ щэныфIэу, и нэмысрэ и хабзэкIэ гъунэгъуэхэми етэфу, и псэукIэр куэдым я щапхъэу зэрыщытар, апхуэдэ лъэпкъым леишхуэ кьыззэрылъысар. Дэ дунейм едгъэлъагъуэн хуейщ адыгэ тхыдэжьыр зэрырфIигъуаIэр, узэрыгушхуэ хьуну фэзгупхэр абы зэрижхэдыр. Хьетгъэм я зэман лъандэрэ абы дунейпсо щэнхабзэм хилъхьар мащIэкъым. АтIэ Маркэрэ Энгельсрэ ауэ ситми ятхакъым: «Алыджым и телъыджэр уафэм кьехуэхакъым, дэ дызэрыщIгъуаззэм хуэдэу. Абы папщIэ щыгугъ щыIащ. А щыгугъри хьеттхэмрэ хьатхэмрэт», - жаIэу. Нэхъ иужьыIуэкIэ яуха кьэралыгъуэкьэр-щэ - Мэуэтымрэ Синдымрэ?..

Лъэхъэнэ жьыжьэхэм кьыщрахьэжьа фIыгъуэхэм зыкъоми щыIэпыхуащ адыгэм кьикIуа гъуэгуанэ хьэлъэм... Лъэпкъ зэхэкIыпIэт, дзэ зэрышхьыпIэт Кавказыр. Зэрапхъуэу кьизэрыгуэрт. ИтIани ди адзэжьхэм затакъым, лъэгущIэтэн ящIакъым я лъахэр. Iэмал имыIэжьыхэ щыхъуми, пщыпI замыщIын папщIэ, лъэпкъым и нэхъыбэр, зауэм псоууэ кьелахэм я нэхъыбэр Iэпхъуащ Тыркум, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум. Уз зэрыщIали мэжьащIалагъи - Iэджэ хьэзаб мыгъуэ кьагъэщIт, щIыху минищэхэри текIуэдащ а гъэзэгуанэм. Кьэнэжьахэр дуней псом щикъухьа хьуауэ.

Иджы лъэпкъэм зыкъыщащIэж, хуит зыщащIыж зэманщ. Африкэм дкъуэзауэ щагьIуа нэгъунэ хуит ящIыжащ. Мес, журтхэми я кьэралыгъуэр зэфIагъэувэжащ. Адыгэхэр-щэ? Кьэрал щхьэхуэу мыпIысыжьфми, «Моуэ ди Хэку дгъэзэжьыфащрэт» - жаIэрэ? Жызыйи щыIэщ, ар зигу кьэмыкIэр нэхъыбэщ. Псалъэм папщIэ, Тыркум щыпсэу адыгэ мелуанитIым сыт я дуней? АтIэ ар дуней, ар гъащIэ, уи бзэмрэ уи хабзэхэмрэ кьыппаубыду? Нахуагъэмрэ захуагъэмрэ и лъабжьэу фи Урыс

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Зыгъэхьэзырар нэщIэпыджэ Замирэщ

● Жьыгъуэхэр

Лъагъуныгъэмрэ насыпымрэ я зэманыр

«Iей здэщымыIэм фIы щIэкъым», - жаIэ цIыхухэм, пцIыуз яча лъэбакъуэм гъуэгущIэ къащыхуэзэIуихым и деж.

* * *

Iуэхуфым цIыхум и къарур хегъахъуэри, псэкIи нэхъ къулей ещI.

* * *

Хахуагъэ здэщыIэм ехъулIэныгъэри, фIыгъуэри, насыпри щыIэщ.

* * *

Лъагъуныгъэмрэ насыпымрэ хухэха зэманыр псынщIэу мажэ.

* * *

ПэщIэдзэр сытым дежи лъапIэщ. Гъуэгуанэ жыжьэри гъунэгъуэу къыщIедзэ.

* * *

ЦIыхубзым и гур къэпхьэхун щхьэкIэ гъэру зептын хуейщ.

* * *

И пщалъэр умыщIэмэ, фори гын пхуэщIынущ.

* * *

Лэжьыгъэм хуэмыщхьэх цIыхум ищIэн сытым дежи иIэщ.

* * *

Зэманыр зэзыгъэзахуэр акъылырщ.

ХЪУРЕЙ Феликс.



● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Инджылыз усакIуэшхуэ Байрон и «Джаур» поэмэм хэт адыгэ пщащэ Лейлэ и сурэтыр ищIащ Дикси Фрэнк. *1892 гъэ*

● Хъуэхъу

Зеикъуэ къуажэм щыпсэу Мэршэнкъул (Хьэфыщ1э) Лидэ Мусэбий и пхъур нобэ къыщалъхуа махуэщ, илъэс бжыгъэ дахэ ирокъури, дохъуэхъу

Псэр зыдэщIэрашIэ, дахагъэу дунейм тетыр кьызыдэуш гъатхэм халъхуа, фIыуэ тлъагъу, пщIэшхуэ зыхуэтщI, Iэдэбу, тэмакъкIыхьу, гуащIафIэу, дахагъэмрэ гумащIагъэмрэ и Iэпэгъуэ къэгъуэгурыкIуэ шыпхъум, анэ гумахэм, нанэ IэфIым, зэгурыIуэрэ зэдзIуэжрэ, хабзэрэ нэмысрэ щызекIуэ унагъуэ насыпыфIэм и гущэ Iумахуэм уи махуэшхуэмкIэ дынохъуэхъу.

Уи узыншагъэр мыкIуэщIу, уи быным, уи щIэблэм я насыпым уригушхуэу, абыхэм я ехъулIэныгъэхэм уи лъэ щIигъэкIыу, уи псэр зыхуэхъуапсэр, уи гур зыхуэпабгъэр уи нахуапIэу, уи щхьэгъусэр кьыпкъуэту, дунейм гу щыпхуэу упсэну ди гуапэщи, гьащIэ кIыхь дахэкIэ Тхьэр кьыпхуэупсэ.

Уи дэлъху Мухьэмэд, абы и щхьэгъусэ Роззэ, уи шыпхъуэзу Эльмирэ, ФатIимэт, Зулифэт, Динэ, уи быныр, нысэхэр, къуэрылъхуэр.

● Чэнджэщхэр

Щэ щагъэвжкIэ бэлагъкIэ зэIащIэркъым

Нартыху пIастэ хуабэрэ бжьыныщхьэ укъэбзарэ шыгъум хагъауэуэрэ зышхрейхэр фIыуэ мэжей, абы лъыр фIыуэ зэрегъакIуэ, нэкIу зэлъахэми зрегъэшэщIыкъ.

* * *

Шха иужькIэ бжэмышхри гуахъуэри Iубауэ ягъэтIылIырыкъым, гуэныхьышхуэ пылъщ жаIэ.

* * *

Къалмыкъ шей пщтырым адыгэ шатэ Iувыр хэпкIэмэ, тхъууэ мэжабзэ. Апхуэдэу мыхъун щхьэкIэ, шатэ Iувым псы тIэкIу хакIэ, зэIащIэри, итIанэ къалмыкъ шейм хакIэж.

* * *

Ямылейуэ ялъэса мэл е Iэщышхуэ лъатэм кхъуей щIагъуэу хихыжынукъым.

* * *

Щэ щагъэвжкIэ бэлагъкIэ зэIащIэркъым, бэлагъыпэр песыкIри. ЗэрызэIыщIэн хуейр чымчыркIэщ.

* * *

Къаз, бабыщ дагъэ гъэткIуар мафIэм иса щIыфэм щыпхуэзмэ мэхъуж.

* * *

ГъэтIылъыгъэ ящIу ягъэувэ кхъуейм и шэжьыпсыр и щхьэм кьыдэкIуейр хъуейр и лъабжьэм кIуэмэ - уэшх кьешхьынущ, кхъуейр и щхьэм кьакIуэрэ шэжьыпсыр и лъабжьэм ехмэ - уэгъу хьунущ жаIэу щытащ.

* * *

Лы щтар псым (хуабэми щIыIэми) халъхьэу кьагъэвыжьыркъым - и IофIыр щIокI.

* * *

Щэ щагъэпщткIэ ар зэрагъэпщтыну хьэкъущкъым псы щIыIэ ирагъэжьых, шэр щIимысыкIын щхьэкIэ.

* * *

Джэдыкlэ ивыкIар псынщIэу псы щIыIэм хэплъхьэмэ, и фэр текIыгъуафIэ мэхъу.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Интернетым дыкъыщоджэ

Эйнштейн и шофёрыр

ЦIыху къэс зэчий гуэр бгъэдэлъщ, зыгуэрым хуэфIщ, хуэIэижьщ. Уэ нахьрэ нэхъыкIэу къэплъытэ гуэрри къофIэкIыкIэ хъунущ, зэрымыщIэкIэ. УщIэныгъэлIми, дунейм уэ нэхъ Iущ темыту къыпщыхъуми, лэжьапIэм узышэ-укъэзышэж шофёрыр къыщыптекIуэжыни къохъу... Ар игъэунэхуащ зи къэхутэныгъэшхуэхэм щIэрыIуэ ирихъуа щIэныгъэлI Эйнштейн Альберт.

КъыЗЭРЫГУЭКI цIыхуи и щхьэм къэмыкIыххэ гупсысэ кууэхм къыхэмыкI щIэныгъэлIым зэи и гугъэнтэкъым и шофёр Iэсэм апхуэдэ зэчий къыльыкъуэкIыну...

Илъэсипщым щIигъуат а щIалэр Эйнштейн дежи зэрыщылажьэрэ. Зэгуэр, зи чэзу зэIущIэм щIэныгъэлIыр ишэу гъуэгу здытетым, щIалэм гу лъитащ:

- Апхуэдиз лекцэм урагъэшауэ къысфIощI...

- Пэжщ, хуабжьу сешащ! - къитащ жэуап Эйнштейн.

- Мы дыздэкIуэм уэ зыми укъыщацIыхуркъым, уи цIэр зэхаха мыхъумэ. Дызэгъэхъуажи, сэ лекцэр езгъэкIуэжкIынщ, ущешакIэ. Сэ уи кIэстумыр щыстIэгъэнщ, уэ си щыгъыныр зыщыстIагъэ.

- Сыт жыпIэр?! - къэуIэбжьащ щIэныгъэлIыр.

- Нобэ зыгъэпсэху жысIэу аращ. Сэ уи пIэкIэ езгъэкIуэкIынщ лекцэр. Шэч кьытумыхьэ, сэ куэдрэ сыщIэсащ фи зэIущIэхэм, жысIэнури сызытепсэлъыхьынури гукIэ сощIэ, - игурэ и щхьэрэ зэтелът щIалэм.

Эйнштейн къэуIэбжьащ, ауэ тIэкIурэ гупсысэри, арэзы хъуащ. Шофёрым зэрыжиIам хуэдэу, я щыгъэныкъэ зэрахъуэжри, зэщIыгъуу зэIущIэм щIыхьащ, Эйнштейн кIуэри, пэшым и кIэ дыдэм щетIысэхащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, щIалэм лекцэхэр зэрыщыту гукIэ ищIэрт икIи зэIымынэу псалъэрт, уеблэмэ упщIэ зыбжанэми я жэуап пыухыкIахэр яритащ.

Лекцэм еджагъэшхуэ куэд щIэст, я гъащIэр щIэныгъэм щхьэзыхъ хуащIауэ, ауэ абыхэм зыкIи кьакIэрымыкIу хуэдэт къызэрыгуэкI шофёрыр. Эйнштейни, зэригъэщIэгъэнур имыщIэу, едаIуэрт абы - а къомыр зэбгъэщIэн, зэкIэлъыбгъэкIуэн папщIэ, цIыху губзыгъэ къудей мыхъуу, зэчиифIэу ущытын хуейт. ЗэIущIэм и кIэм зы щIэныгъэлI гуэрым упщIэ гугъу дыдэ кьитащ «антитела» жыхуаIэхэм теухуауэ. Шофёрым абыхэм теухуауэ зыри ищIэртэкъым, ауэ къекIуэлIахэм закъримыгъэщIэн папщIэ, кьыпыгуфIыкIри жиIащ: «А упщIэр апхуэдизкIэ къызэрыгуэкIащи, си щхьэ теслъхьэркъым жэуап естыну. Уеблэмэ си шофёрым ещIэ абы и жэуапыр. Модэ пэшым и кIэмкIэ щысщ ари, къэдгъэпсэльэнщ».

Эйнштейн къэтэджащ, щIэныгъэлIым и упщIэм жэуап пыухыкIа иритри, етIысэхыжащ. «Эйнштейн и шофёрыр апхуэдизу щыгубзыгъэкIэ, езы щIэныгъэлIым и щхьэм илъыр уи нэгу кьыпхущIэгъэхьэрэ?!», - жиIэу Iущащэуэрэ етIысэхыжащ упщIэр къэзыта щIэныгъэлIыр, укIытэжауэ.

«Къысхуэгъэгъу! Зэи гулъытэ пхуэсщIакъым, апхуэдизу уIущуи сщIакъым», - жиIащ иужькIэ Эйнштейн, и шофёрым и Iэр быдэу икъуэри.

Зэзыдзэкlар
ФЫРЭ Анфисэщ.

● Фэ фщIэрэ?

Къуалэбзухэм я цIэхэр

Воробей полевой - губгъуэбзу, губгъуэбзуужь
Горихвостка-чернушка - къущхьэбзэкIэплъ, бзыкIэплъфIыцIафэ
Дубонос - дубэкъ, бзупэгъум, жыгыщхьэмацIэ
Мухоловка - жьыкъан
Желна - жьгIыуIуфIыцIэ
Жулан - къажьыкъ
Зеленушка кавказская - бзуудзыфэцIыкIу
Конек полевой - мэкъущIэж
Коноплянка - бзухьэкIэ, щIэпхуэлъэ
Куропатка - адзжьнэ
Овсянка садовая - цыкъан, жыгкIырыкъ
Перепел - ныбгъуэ, ныбгъу, ныбгъэбыку

Шумахуэ Хьэзрэ1илрэ Хъупсырджэн Албэчрэ фрагъэблагъэ

● ХъыбарегъащIэ

Музыкэ къэрал театрым гъатхэпэм и 15-м концерт дахэ щыIэздатынущ Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубэ артист Шумахуэ ХьэзрэIилрэ УФ-м щIыхь зиIэ и артист Хъупсырджэн Албэчрэ.

Программэм хэтынущ адыгэ, урыс, классикэ, иджырей уэрэдхэр, пIэпкъ уэрэдыжьхэр.

Пшыхьым щыщIидзэнур сыхьэт 18-рэ дакьикъэ 30-рщ.



Псалъэзэблэдз



***Екlуэкlыу*:** **2.** Псыхуабэ къалэм дэт Iуащхьэ, адыгэцIэ зэрихьэу. **5.** ЦIыхухъцIэ. Е Щоджэнцыкlыкlу Алий усэу итха романым хэт лыхъужь. **9.** ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **10.** Щlакъуащхьэ тежьыкIа. **11.** Iэпслъэпсым щыщ. **12.** Щоджэнцыкlыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист. **14.** Дзыдзэ пIыхьым щыщ. Iуащхьэ щхьэ теIлъу. **16.** Зи нэхэм щIагъуэу ямыIыгъу. **18.** Нэпсейм щхьэкIэ жаIэ: «КIэпIейкIэм ... трепIытIэ». **19.** Журт Биберд, Хьэх Сэфарбий, Бицу Анатолэ сымэ я кIуажэгъу усакIуэ. **21.** Уафэм къех мыл тыкъыр щIыкIу. **24.** Нэщ маззм хуэмыщIахэм ират Iыхьэ. **25.** Совет Союзым и ЛIыхъужь Къуэныкъуэй ... **29.** ЩIалэщIэм и къэпым ... нартыху губгъуэм къыщицыпащ. **31.** ЩIыпIэ хуабэхэм хьэпэзекьуэу къыщащIэсэбэп псэущхьэ пIащэ. **33.** ... хъунур шкIэ щIыкIэ бощIэ. **34.** Ди гъунэгъур апхуэдизкIэ IуэхутхьбзэмыщIэщи, игъащIм и ... къыщIэкIакъым. **36.** ГъущI ... зиIэ гъущI мастэ щощIэ. **37.** КхъуакIэ кIыхь зыIут Iэлъэщ1. **38.** Ди лъэпкъэгъу, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь ... Нарзан. **40.** Хадзэкl. **41.** Школ пщIантIэм дэт еджакIуэ цIыкIуэр зэрызохьэ ... къэпщIауэ. **43.** Илъэс зытIу зи ныбжь ЫщIэ. **44.** Хуту хьэжьыгъэм, тхъум, фошыгъум кьыхэщIыкIа адыгэ шхыныгъуэ.

***Къехьу*:** **1.** Хьэцэпэцэ къэкIыгъэ. **2.** Джыдэ, сэ, лэныстэ хуэдэхэр зэрагъэжан мывэ. **3.** Шхынхэдзэ. **4.** Набдзэ ... **6.** Теунэ Хьэчим и повесть. Е хьэкIэкхъуэкIэ шынагъуэ. **7.** УимыIуэзу зепхуэмэ, ар кьыптехуэнкIэ мэхъу. **8.** Адыгэ бзылъхугъэ уэрэджьыкIакIуэ, Къбзэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артистка. **13.** Социалист Пажьыгъэм и щыщ. Iуащхьэ щхьэ теIлъу. **16.** Зи нэхэм щIагъуэу ямыIыгъу. **18.** Нэпсейм щхьэкIэ жаIэ: «КIэпIейкIэм ... трепIытIэ». **19.** Журт Биберд, Хьэх Сэфарбий, Бицу Анатолэ сымэ я кIуажэгъу усакIуэ. **21.** Уафэм къех мыл тыкъыр щIыкIу. **24.** Нэщ маззм хуэмыщIахэм ират Iыхьэ. **25.** Совет Союзым и ЛIыхъужь Къуэныкъуэй ... **29.** ЩIалэщIэм и къэпым ... нартыху губгъуэм къыщицыпащ. **31.** ЩIыпIэ хуабэхэм хьэпэзекьуэу къыщащIэсэбэп псэущхьэ пIащэ. **33.** ... хъунур шкIэ щIыкIэ бощIэ. **34.** Ди гъунэгъур апхуэдизкIэ IуэхутхьбзэмыщIэщи, игъащIм и ... къыщIэкIакъым. **36.** ГъущI ... зиIэ гъущI мастэ щощIэ. **37.** КхъуакIэ кIыхь зыIут Iэлъэщ1. **38.** Ди лъэпкъэгъу, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь ... Нарзан. **40.** Хадзэкl. **41.** Школ пщIантIэм дэт еджакIуэ цIыкIуэр зэрызохьэ ... къэпщIауэ. **43.** Илъэс зытIу зи ныбжь ЫщIэ. **44.** Хуту хьэжьыгъэм, тхъум, фошыгъум кьыхэщIыкIа адыгэ шхыныгъуэ.

Леонардо да Винчи

Хьэндырабгъуэ цIыкIумрэ мафIэ бзиймрэ

(Псысэ)

Пшапэ зэхэуэгъуэ щIыIэтыIэм тхъэжу кьыщызылъэтыхь хьэндырабгъуэм гу лъитащ жыжьэу кьыхуэльыд мафIэ цIыкIум. Хьэндырабгъуэм занщIэу абыкIэ игъэзащ; гъунэгъу абы щыхуэхъуэм (ар щхьэгъубжащхьэм тет шэху уэздбгъэт), зэщIэлыдэ имыщIыху дахащэм, игъащIагъуэу зэпиплъыхьурэ, ихъуреягъкIэ кьилъэтыхьу щIидзащ.

Игу пэщIыху еплъри, хьэндырабгъуэм игу кьихьащ мафIэ цIыкIум, нэхъ гъунэгъуу зригъэщIыхуу, дэджэгуну, езым зэрихабзэу, хадзэм и нэгу зыщригъэужьу, удз гъэгъа кьапщийхэм, хьыринэ щещIэм хуэдэу, уфафэу тесыну. ЛЪэныкъуэкIэ тIэкIу кьыIупъэтыкIщ, кIэщIу зыкъыгъазэри, джэгум кьыхьишэ хуэдэу, мафIэ къэльыд цIыкIум блэлъэтыкIащ, мис иджы мафIэ бзий гъуэжьым дамэкIэ йоцырхъ жыпIэу.

Ауэ зыгуэр игъэузу кьыхэуэри, ищхьэмкIэ дридзеящ. ЗыщIыпIэкIи мылъэтэфу, щхьэгъубжащхьэм щетIысэхри, игъэщIэгъэужу гу лъитэжащ зы лъапэ зэрыфIэкIуэдам, и дамэ кIапэхэр тIэкIу зэрыписыкIам.

- Апхуэдэ щхьэ къэхъун хуей хъуа? - кьыщыщIар зыхуихьынур имыщIэу зэупщIыжьыр хьэндырабгъуэр. Абы и фIэщ хуэщIыртэкъым къаугъэншэ мафIэ телъыджэ цIыкIум и зэран кьекIыну. Хьэндырабгъуэ цIыкIум, тIэкIу зыкъыщIэжа нэужь, и дамэхэр ишэщIри, дэлъэтеящ. ЗыбжанэрэмафIэ цIыкIум и щхьэщIагъум зыщигъэкIэрахъуэри, Iэдэбу занщIэу хуэкIуащ, и гущIыIум хьыринэ щещIэн и мураду, ауэ, мафIэм къисри, зэуэ а хьилэшы бзаджэм и псэр зыхьэлъ шэху пщтыр тIатIэм хэхуащ.

- Сыту угущIэгъуншэ уэ, - и къарур щIэкIыпэу къэпсэльащ хьэндырабгъуэ цIыкIур. - Сэ ныбжьэгъуу сыпщыгугъати, си кIуэдыпIэу укъыщIэкIащ. Дзыхь зэрыхуэсщIам сытекIуэдзжащ...

- ХьэндырабгъуэтхьэмышцкIэ! - нэщхьейуэ жэуап кьитыжащ шэху уэздбгъэм. - Си къуанщагъэ хэль, сымыудз дахэу, сызэрымафIэм? Шынагъуэм ущхьэщысшыну хьыбар уэзгъэщIати, зыгурыбгъэIуакъым, укъыздэджэгун щIэбдзащ.

Зэзыдзэкlар **ХЬЭТУ Пётрщ.**

Чэнджэщ1ыкIэ

Ди щIэныгъэ лъагъэм и Iэмал зэрыгъэхьэзырыр

Ди щIэныгъэ лъагъэм и Iэмал зэрыгъэхьэзырыр - Iуэхуфыр щIэныгъэлIым и щIэныгъэ лъагъэм и Iэмал зэрыгъэхьэзырыр.